

# MANYÈL RESOUS THRIVING MIND

*2025/2027*



|                                                                                  |    |
|----------------------------------------------------------------------------------|----|
| ENTWODIKSYON -----                                                               | 5  |
| ABI AK SÈVIS POU VIKTIM-----                                                     | 5  |
| AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AHCA) LIY DIRÈK-----                        | 6  |
| ÈD POU MOUN KI GEN ANDIKAP AK MOUN KI GEN KAPASITE LIMITE NAN LANG ANGLÈ YO----- | 6  |
| SÈTIFIKA NESANS -----                                                            | 7  |
| PWOTEKSYON TIMOUN/SWEN KOMINOTÈ-----                                             | 8  |
| CLUBHOUSES -----                                                                 | 10 |
| SANT KOMINOTÈ POU SANTE MANTAL (COMMUNITY MENTAL HEALTH CENTERS, CMHC) -----     | 10 |
| COMMUNITY RESOURCE CENTERS -----                                                 | 12 |
| PLENT/DOLEYANS-----                                                              | 12 |
| TRIBUNAL/SISTÈM JIDISYÈ -----                                                    | 13 |
| SIPÒ NAN KA KRIZ SANTE KONPÒTMANTAL AK BAKER ACT -----                           | 14 |
| SÈTIFIKA LANMÒ-----                                                              | 17 |
| ÈD POU MOUN KI VIKTIM VYOLANS DOMESTIK -----                                     | 18 |
| SANT DAKÈY -----                                                                 | 19 |
| ÈD POU TRAVAY -----                                                              | 19 |
| ÈD AK SÈVIS FINANSYÈ -----                                                       | 20 |
| KAT IDANTIFIKASYON FLORIDA AK LISANS CHOFÈ-----                                  | 22 |
| BANK ALIMANTÈ -----                                                              | 22 |
| FOOD STAMPS-----                                                                 | 23 |
| SÈVIS MEDIKO-LEGAL -----                                                         | 23 |
| SANT SWEN SANTE-----                                                             | 23 |

|                                                           |           |
|-----------------------------------------------------------|-----------|
| <u>KLINK AK SÈVIS POU VIH/SIDA</u>                        | <u>25</u> |
| <u>LOJMAN</u>                                             | <u>28</u> |
| <u>Liy Èd pou Prevansyon kont Sanzabri:</u>               | <u>28</u> |
| <u>ÈD POU MOUN KI VIKTIM TRAFIK MOUN</u>                  | <u>29</u> |
| <u>MEDICAID AK MEDICARE</u>                               | <u>30</u> |
| <u>Senior Medicare Patrol (SMP)</u>                       | <u>30</u> |
| <u>OMBUDSMAN</u>                                          | <u>31</u> |
| <u>ÒGANIZASYON PATNÈ YO AP JERE</u>                       | <u>31</u> |
| <u>ESPESYALIS PARÈY YO</u>                                | <u>33</u> |
| <u>DWA MOUN YO AP SÈVI YO</u>                             | <u>33</u> |
| <u>KOU SÈVIS</u>                                          | <u>34</u> |
| <u>SÈVIS REYENTTEGRASYON</u>                              | <u>34</u> |
| <u>AVANTAJ SEKIRITE SOSYAL POU MOUN KI GEN ANDIKAP</u>    | <u>36</u> |
| <u>TRETMAN POU PWOBLÈM KI LYE AK ITILIZASYON SIBSTANS</u> | <u>36</u> |
| <u>Distribisyon Naloxone</u>                              | <u>38</u> |
| <u>SÈVIS TELEFÒN SAN FIL</u>                              | <u>40</u> |
| <u>TRANSPÒ</u>                                            | <u>40</u> |
| <u>Kat Bis</u>                                            | <u>40</u> |
| <u>Sèvis Transpò Espesyal (STS)</u>                       | <u>41</u> |
| <u>SÈVIS POU VETERAN</u>                                  | <u>42</u> |
| <u>LIY SIPÒ EMOSYONÈL (WARMLINES)</u>                     | <u>42</u> |
| <u>PLAN AKSYON POU RETABLISMAN BYENNÈT (WRAP)</u>         | <u>42</u> |

|                                                                       |           |
|-----------------------------------------------------------------------|-----------|
| <b>FANM, TIMOUN PITI, AK TIMOUN (WIC)</b> -----                       | <b>43</b> |
| <b>REPÈTWA POU FOUNISÈ SÈVIS THRIVING MIND AP FINANSE YO</b> -----    | <b>44</b> |
| <b>LÒT FOUNISÈ NAN KOMINOTE A (Sa Thriving Mind pa Finanse)</b> ----- | <b>50</b> |

## ENTWODIKSYON

Byenveni nan Manyèl Resous Thriving Mind South Florida nan ki fèt pou moun nan Konte Miami-Dade ak Monroe ki resevwa sèvis sante mantal epi/oswa pou itilizasyon sibstans (sante konpòtmantal) nan ajans kominotè yo. Manyèl resous sa a fèt pou moun nou ap sèvi yo, fanmi yo, ansanm ak sistèm sipò yo genyen yo. Epitou, manyèl sa a fèt pou anpil moun, ajans ak moun ki enterese nan pataje tan ak enèji yo pou travay avèk moun yo ap sèvi yo, avèk fanmi yo, ansanm ak sistèm sipò yo pou amelyore sante ak kalite lavi yo. Nou sitou vle remèsye moun ki ap resevwa sèvis sante konpòtmantal yo ansanm ak kòlèg espesyalis nou yo nan Konte Miami-Dade pou sipò, sijesyon, ak ide yo ban nou pou manyèl sa a.

Biwo Pwogram Abi Sibstans ak Sante Mantal (SAMH) nan Depatman Timoun ak Fanmi nan Florida, pase kontra avèk Thriving Mind South Florida pou li jere sistèm swen sante SAMH nan rejyon nou an. Thriving Mind ap asire li moun nou ap sèvi yo ansanm ak fanmi ki ap chèche sèvis nan Konte Miami-Dade ak Monroe yo jwenn pi bon kalite ak pi bon pratik yo.

Thriving Mind South Florida ap fè efò pou li se yon **Sistèm Swen ki Oryante sou Rekiperasyon** (Recovery-Oriented System of Care, ROSC). Yon ROSC se yon rezo sèvis ak sipò klinik epi ki pa klinik ki ap soutni retablisman alontèm nan kominote a. Thriving Mind South Florida mete prensip ki gide oryantasyon pou retablisman yo sou pye pandan li ap reflekte varyasyon inik ki genyen nan kominote nou an. Vizyon, enstitisyon, resous, ak priorite sistèm sante konpòtmantal nou an pran angajman pou:

- Ankouraje bon kalite lavi, sante kominotè, ak byennèt pou tout moun.
- Fè prevansyon pou anpeche moun vin gen twoub sante konpòtmantal.
- Diminye domaj twoub ki lye ak itilizasyon sibstans epi pwoblèm sante konpòtmantal yo lakoz sou moun yo, fanmi yo, ak kominote yo; epi
- Bay resous pou ede moun ki gen pwoblèm sante konpòtmantal yo rive atenn epi kenbe byennèt yo epi bati yon lavi ki gen sans pou tèt yo nan kominote yo a.

Manyèl sa a ap bay enfòmasyon ak enstriksyon konsènan moun pou w kontakte pou plis enfòmasyon byen presi. Si w bezwen èd epi/oswa ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak sante mantal, itilizasyon sibstans ak/oswa lòt sèvis nan kominote a, **tanpri rele Liy èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111 ant 8:30 a.m. -5 p.m..** Epitou, ou ap aprann fason pou w plis enplike nan sèvis ou yo ak nan kominote a. Tanpri, li paj ki vin apre yo epi kenbe manyèl sa a pou w kapab itilize alavni. Nou espere eksperyans w ap fè avèk Thriving Mind South Florida a ap yon eksperyans pozitif epi li ap pwofitab pou ou.

## ABI AK SÈVIS POU VIKTIM

Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida a gen responsabilite pou bay sèvis pwoteksyon pou *timoun* yo ap maltrete, neglije oswa menase epi pou *granmoun vilnerab* yo maltrete, neglije, oswa eksplwate nan eta a.

Yon “granmoun vilnerab” se yon moun ki gen 18 lane oswa plis kote kapasite li genyen pou fè aktivite nòmal chak jou nan lavi a oswa pou bay pwòp tèt li swen oswa pwoteksyon, diminye akòz yon andikap oswa yon disfonksyònman mantal, emosyonèl, sansoryèl, fizik alontèm oswa devlopmantral, oswa pwoblèm sèvo, oswa enfimite ki lye ak laj.

Nenpòt moun ki konnen, oswa ki gen bon rezon pou sispèk, yon paran, gad legal, responsab swen, oswa lòt moun ki responsab pou pwoteje yon timoun, ap maltrete, abandone, oswa neglije *timoun* nan, dwe rapòte sa nan Liy Dirèk pou Abi nan Florida a. Epitou, nenpòt moun ki konnen, oswa ki gen bon rezon pou sispèk, yo te oswa

yo ap maltrete, neglije, oswa eksplwate yon *granmoun vilnerab*, dwe rapòte enkyetid sa yo nan Liy Dirèk pou Abi nan Florida a tou. Liy Dirèk pou Abi nan Florida a aksepte apèl 24 èdtan pa jou epi 7 jou pa semèn.

Rele 800-962-2873 (800-96-ABUSE). Oswa voye rapò anliy nan.  
<https://www.myflfamilies.com/services/abuse/abuse-hotline/how-report-abuse>  
**Itilize 7-1-1 oswa 1-800-955-8771 pou Sèvis Relè Florida yo.**

Nan ka kote gen yon ijans oswa lè yon moun sanble ap fè fas ak yon risk maltretans/neglijans imedya, petèt ki kapab lakoz li mouri oswa blese grav, RELE 911 ANVAN.

## AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AHCA) LIY DIRÈK

Si w gen yon plent epi/oswa w bezwen jwenn enfòmasyon sou fason yo bay lisans konsènan yon Etablisman pou Asistans Lavi (ALF), mezon retrèt ak/oswa lopital, tanpri rele nimewo telefòn ki ekri anba a.

888-419-3456

Epitou, ou kapab rele nimewo telefòn gratis sa a pou jwenn enfòmasyon sou Pwogram Asistans Medikal Medicaid Managed Care nan tout Eta a. Epitou, ou kapab poze AHCA kesyon konsènan Medicare, HMO ou a (Health Maintenance Organization), Rezo Sèvis Founisè yo ak Rezo Sèvis Medikal pou Timoun yo.

## ÈD POU MOUN KI GEN ANDIKAP AK MOUN KI GEN KAPASITE LIMITE NAN LANG ANGLÈ YO

Si w gen yon andikap epi/oswa w gen kapasite limite nan lang Anglè, ajans pou sante mantal epi itilizasyon sibstans lan ap ba w èd (oksilyè) ki apwopriye gratis, san wete entèprèt lang ki kalifye epi ki sètifye, pou ou menm ak/oswa konpayon w lan. Ajans sa yo ekri nan **Anyè Founisè Sèvis yo** ki nan fen Manyèl Resous sa a. **Ou bezwen mande èd ki apwopriye a (oksilyè) lè w fèk kontakte ajans lan, yon fason pou manm pèsonèl la jwenn tan pou prepare epi ba ou pi bon sèvis yo.**

Si ou soud oswa si ou gen pwoblèm pou tandè, nan kominikasyon ou ka genyen, men li pa limite ak sa yo, sèvis CART (Communication Access Real Time Translation), sèvis Florida Relay, sistèm TDD (Telecommunications Device for the Deaf).

FAX (Telephone Facsimile Transmittal), anplifikatè pou telefòn, entèprèt lang siy ki kalifye oswa sètifye, kat ak imaj (flash cards), lekti sou bouch (lip-reading), nòt ekri, aparèy tandè siplemantè, tablo (charts), oswa yon konbinezon nan tout sa yo, selon sa ki apwopriye. Si w pa wè byen oswa w avèg, li enpòtan pou ou menm ak manm pèsonèl ajans yo pale sou metòd kominikasyon ki pi bon pou ou a. Manm pèsonèl la ap ajoute kalite èd (oksilyè) ak sèvis yo ba w pandan kontak yo gen avèk ou yo, nan dosye w la.

Si w gen limit sansoryèl, pou pale oswa pou deplase, nou ap ajoute enfòmasyon nan avi reyinyon yo, anons pou konferans ak semèn yo pou fè w konnen nou ap fè w jwenn èd (oksilyè) ki nesè yo, san w pa peye anyen. Nan enfòmasyon an, ap gen non yon moun pou kontakte ak yon dat kote w dwe mande èd sa a. Nan pwosesis sa a, ap gen yon konvèsasyon sou kalite èd pèsonèl oswa amenajman ou bezwen an. **Si w bezwen yo ede w jwenn**

èd (oksilyè) yo nan men ajans kote w ap resevwa sèvis pou sante mantal epi/oswa itilizasyon sibstans yo, tanpri, rele Liy Èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111.

Relè Florida a se lyen kominikasyon pou moun ki soud, ki gen difikilte pou tandè, ki soud/avèg, oswa ki gen difikilte pou pale. Gras ak Relè Florida a, moun ki ap itilize ekipman telefòn espesyalize yo kapab kominike ansanm ak moun ki ap itilize ekipman telefòn estanda yo. Pou rele Relè Florida a, konpoze 7-1-1, oswa itilize nimewo gratis ki vin apre yo:

800-955-8771 TTY:  
800-955-8770 (Mesaj Vokal)  
800-955-1339 (ASCII)  
877-955-8260 (VCO-Direct)  
800-955-5334 (STS)  
877-955-8773 (Panyòl)  
877-955-8707 (Kreyòl Fransè)

## SÈTIFIKA NESANS

Ou kapab fè demann yon sètifika nesans an pèsòn nan nenpòt lokal Sèvis Sante nan Konte a si w te fèt nan Eta Florida. Ou kapab aplike an liy sou <https://www.floridahealth.gov/certificates/certificates/birth/index.html>

Ou dwe respektè youn (1) nan kritè ki vin apre yo:

- Ou se timoun ki gen non li ekri sou sètifika a EPI ou gen plis pase 18 lane, OSWA
- Ou se paran, gad oswa reprezantan legal moun ki gen non li ekri nan sètifika a.

Tout demann yo dwe gen sa ki vin apre a:

- Foto Idantite aplikan an (tankou yon lisans chofè ki valid, yon kat idantifikasyon Eta a, yon paspò, oswa yon kat idantifikasyon militè). Yon fotokopi foto idantite w la obligatwa pou demann ki fèt nan kourye lapòs yo.
- Non konplè aplikan an lè li fèt, dat ak kote li fèt, non manman li ak non papa li.
- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn aplikan an.

Frè pou chak kopi sètifye pou yon dosye nesans nan Florida se \$20. Lè w achte yo anmenmtan, kopi anplis yon dosye sètifika nesans koute \$16 yo chak. Yo kapab chanje frè sa yo.

Pou demann ki fèt san randevou yo, ou dwe peye frè yo kach, pa mwayen manda postal oswa chèk labank. Pou demann ki fèt nan kourye lapòs yo, ou dwe peye frè yo pa mwayen manda postal oswa chèk labank sèlman. **PA VOYE LAJAN NAN KOURYE LAPÒS.**

Manda postal/chèk labank yo dwe peyab nan non Inite Eta Sivil la (Vital Records Unit).

Pou mete w alèz, ou kapab trete demann anliy yo grasya yon konpayi endepandan pou ba ou sèvis sa a:

VitalChek Network, Inc.  
[www.vitalcheck.com](http://www.vitalcheck.com)  
866-830-1906

VitalChek mande yon frè anplis pou itilize sèvis sa a, epi li aksepte tout prensipal kat kredi yo, tankou American Express®, Discover®, MasterCard® oswa Visa®.

Pou lokalize Sèvis Sante Konte Miami-Dade ki pi pre w la, tanpri ale sou <https://miamidade.floridahealth.gov/locations/index.html>.

Pou Lokal Sèvis Sante nan Konte Monroe yo, tanpri ale sou <https://monroe.floridahealth.gov/locations/index.html>.

## PWOTEKSYON TIMOUN/SWEN KOMINOTÈ

Depatman pou Timoun ak Fanmi an (The Department) reyamenaje Sistèm Pwoteksyon Timoun nan Florida a pou ajoute yon inisyativ swen kominotè. Nan kad reyamenajman sa a, Depatman an pase kontra avèk Ajans Prensipal lokal yo toupatou nan Florida pou devlope epi kenbe yon rezo pou bay sèvis. Ajans Prensipal ki responsab swen kominotè a gen responsabilite pou jere epi bay timoun yo ak fanmi yo sèvis nan kad sistèm pwoteksyon timoun ak plasman nan fanmi akèy.

Ajans Prensipal pou Konte Miami-Dade ak Monroe yo se Citrus Family Care Network (Citrus FCN)

401 NW 2nd Ave.  
South Tower 10th Floor  
Miami, FL 33128  
305-455-6000

Antanke yon Ajans Prensipal, Citrus Family Care Network pase kontra avèk lòt ajans nan kominote a pou bay sèvis jesyon dosye konplè pou timoun ak fanmi ki enplike nan sistèm pwoteksyon oswa depandans timoun nan. Enfòmasyon pou kontakte ajans sa yo ekri anba a. Si yo asiye w yon jesyonè dosye konplè epi w pa fin gen asirans nan ajans lan, ou kapab kontakte Citrus FCN dirèkteman pou enfòmasyon sa a.

| Non                                    | Deskripsyon               | Kontak                                                                                                                                                      |
|----------------------------------------|---------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Center for Family and Child Enrichment | Dosye konplè ajans jesyon | 1825 NW 167 <sup>th</sup> St., Suite 102<br>Miami Gardens, FL 33056<br>305- 624-7450<br><a href="https://www.cfcecares.org/">https://www.cfcecares.org/</a> |
| Children's Home Society                | Dosye konplè ajans jesyon | Children's Home Society<br>800 NW 15th St.<br>Miami, FL 33136<br>305-755-6500<br><a href="https://www.chsfl.org/">https://www.chsfl.org/</a>                |

|                                                    |                              |                                                                                                                                                                                                                                                       |
|----------------------------------------------------|------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Family Resource Center                             | Dosye konplè<br>ajans jesyon | Family Resource Center<br>1393 SW 1st St.<br>Miami, FL 33135<br>305-374-6006<br><a href="https://frcfloirida.org/">https://frcfloirida.org/</a>                                                                                                       |
| Wesley House Family Service<br>(Florida Keys)      | Dosye konplè<br>ajans jesyon | <b>LOWER KEYS OFFICE</b><br>1304 Truman Ave.<br>Key West, FL 33040<br><br><b>UPPER KEYS OFFICE</b><br>99451 Overseas Hwy. Suite 200<br>Key Largo, FL 33037<br>305-809-5000<br><a href="https://www.wesleyhouse.org/">https://www.wesleyhouse.org/</a> |
| Wesley House Family Service<br>(Miami-Dade County) |                              | <b>Miami-Dade Office</b><br>240 N. Krome Ave.<br>Homestead, FL 33030<br>305-809-5000<br><a href="https://www.wesleyhouse.org/">https://www.wesleyhouse.org/</a>                                                                                       |
| The Village South, Inc.                            | Ajans jesyon dosye konplè    | The Village South, Inc.<br>5200 Blue Lagoon Drive, Suite 445<br>Miami, FL 33126<br>1-800-443-3784                                                                                                                                                     |

#### Kontak pou Asistans Paran

|                                        |                                                                                                               |                                                                                                                                                                                                                                                |
|----------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Liy Èd pou Paran                       | Liy sipò 24 èdtan chak jou                                                                                    | 800-FLA-LOVE                                                                                                                                                                                                                                   |
| Asosiyasyon pou<br>Aprantisaj Preskolè | Èd finansyè pou pwogram<br>preparasyon eskolè yo. Tès depistaj<br>ak evalyasyon devlopmanal pou<br>timoun 0-5 | <b>Santral</b><br>3250 SW 3rd Ave.<br>Miami, FL 33129<br>305-646-7220<br><b>Nò</b><br>15100 NW 67th Ave. Suite 207<br>Miami Lakes, FL 33014<br>305-646-7220<br><b>Sid</b><br>18951 SW 106th Ave. Unit B-208<br>Miami, FL 33157<br>305-646-7220 |
| Hope Florida                           | Hope Navigators                                                                                               | 850-300-HOPE<br><a href="https://hopeflorida.com/">https://hopeflorida.com/</a>                                                                                                                                                                |

## CLUBHOUSES

Clubhouses yo ofri sèvis ki pa klinik, sitou yon jounen travay ak sèvis sipò epi asistans pou retablisman ant kòlèg. Clubhouses yo ankouraje retablisman pou maladi mantal epi yo bay sèvis estriktire ki baze sou kominote a, nan objektif pou ranfòse epi/oswa ede moun nan rejwenn kapasite entèpèsònèl, yon travay ki gen sans, yon travay, yon edikasyon epi ede li byen entegre nan kominote a.

### **Konte Miami-Dade**

#### **Key Clubhouse of South Florida**

*(Clubhouse International Akredite li)*

1400 NW 54th St., Suite 102

Miami, FL 33142

305-693-3508

#### **Key Clubhouse of South Florida**

*(Clubhouse International) Akredite li)*

Kendall Area

9000 SW 137th Ave., Suite 220

Miami, FL 33186

786-504-4374

#### **Fellowship House Club Fellowship**

9827 E. Hibiscus St.

Palmetto Bay, FL 33157

305-740-2420

### **Konte Monroe**

#### **Personal Growth Center**

*Guidance Care Center Clubhouse*

3000 41st St. Ocean

Marathon, FL 33050

305-434-7660 Ext. 3

## SANT KOMINOTÈ POU SANTE MANTAL (COMMUNITY MENTAL HEALTH CENTERS, CMHC)

Yon Sant Kominotè pou Sante Mantal (CMHC) se yon sant ki pa gen objektif fè lajan, epitou ke leta ap finanse, ki pase yon kontra avèk Thriving Mind pou bay sèvis sante konpòtmantal pou moun ki entène, moun ki pa entène, tretman lajounen, oswa lè gen kriz. Moun yo ak fanmi yo kapab chèche jwenn èd pou sante konpòtmantal nan youn nan sant sa yo kit yo gen asirans medikal oswa yo pa genyen. Yo kapab mande yon frè ki kapab bese. Si w pa fin sèten epi ou bezwen yon founisè, chèche kòd postal kote w abite a anba a pou

lokalize yon founisè. Sant Kominotè pou Sante Mantal ki ekri anlè kòd postal ou a se founisè ki kapab ba w sèvis yo. Li pi bon pou w rele Sant lan epi pou w pran yon randevou anvan w vini an pèsòn. Chak Sant Kominotè Pou Sante Mantal gen plizyè doktè, konsa, si w santi w pa alèz avèk youn nan doktè yo, ou kapab mande manm pèsònèl la refere w yon lòt doktè. Si w bezwen èd pou pwosesis sa a oswa w vle chanje founisè, rele Liy Èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111.

Si w gen asirans Medicaid ak/oswa Health Maintenance Organization (HMO), rele Ajans pou Administrasyon Swen Sante a (AHCA) nan 888-419-3456 pou w jwenn enfòmasyon sou founisè w la.

**Jackson CMHC**  
15055 NW 27<sup>th</sup> Ave.  
Opa Locka, FL 33054  
Pasyan adilt ki pa entène  
786-466-2800

**Jackson CMHC**  
Sèvis Administration/Timoun  
786-466-2701  
Kòd Postal Sèvis yo: 33054, 33055, 33056, 33160, 33162, 33169, 33179, 33180

**Citrus Health Network, Inc.**  
4175 W. 20<sup>th</sup> Ave.  
Hialeah, FL 33012  
305-825-0300  
Kòd Postal Sèvis: 33010, 33011, 33012, 33013, 33014, 33015, 33016, 33018, 33122, 33166, 33172, 33178, 33182, 33192

**New Horizons CMHC**  
1469 NW 36<sup>th</sup> St.  
Miami, FL 33142  
305-635-7444  
Kòd Postal Sèvis: 33109, 33127, 33132, 33136, 33137, 33138 (nan sid 79<sup>th</sup> Street), 33142, 33147 (nan sid 79<sup>th</sup> Street)

**Douglas Gardens CMHC**  
Douglas Gardens CMHC 1680 Meridian Ave., 5<sup>th</sup> Floor  
Miami Beach, FL 33139  
305-531-5341

**Douglas Gardens CMHC**  
1150 NE 125<sup>th</sup> St.  
North Miami, FL 33161  
305-403-0654  
Kòd Postal Sèvis yo: 33138 (nan nò 79<sup>th</sup> Street), 33139, 33140, 33141, 33147 (north of 79<sup>th</sup> Street), 33150, 33154, 33161, 33167, 33168, 33169, 33181

**Banyan Health System**  
3850 W. Flagler St.  
Miami, FL 33134

305-774-3300

Kòd Postal Sèvis: 33125, 33126, 33128, 33129, 33130, 33131, 33133, 33134, 33135, 33136, 33144, 33145, 33146, 33149, 33155, 33165, 33172, 33174, 33175, 33182, 33184, 33185, 33192, 33194

**Community Health of South Florida, Inc. (CHI)**

10300 SW 216<sup>th</sup> Street

Miami, FL 33190

305-253-5100

Kòd Postal Sèvis yo: 33030, 33031, 33032, 33033, 33034, 33035, 33039, 33143, 33156, 33157, 33158, 33170, 33173, 33176, 33177, 33183, 33186, 33187, 33187, 33190, 33193, 33196

**Guidance Care Center (Monroe County)**

Upper Keys, Middle Keys, Lower Keys

305-434-7660

Kòd Postal Sèvis: 33001, 33036, 33037, 33040, 33041, 33042, 33043, 33044, 33045, 33050, 33051, 33052, 33070

## **COMMUNITY RESOURCE CENTERS**

Community Resource Centers ki nan Konte Miami-Dade yo ofri moun ki twouve yo nan nivo oswa anba liy povrete a yon pakèt sèvis sosyal. Tout sant yo ouvri lendi rive vandredi soti 8 a.m. rive 5 p.m., sof nan jou ferye yo suiv nan konte a. Tanpri, ale sou

[https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid\\_service=ser1542309305236810](https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1542309305236810) pou plis enfòmasyon.

## **PLENT/DOLEYANS**

Chak ajans ki ap sèvi moun yo ak fanmi yo nan Konte Miami-Dade ak Monroe gen pwòp pwosedi yo pou pèmèt moun yo ap sèvis yo depoze yon plent oswa doleyans pou esplike yo pa satisfè ak manm pèsonèl epi/oswa sèvis ajans lan. Nan pwosedi sa a gen mennen ankèt, fè suivi, jesyon, epi reponn pwoblèm lan. Tanpri, voye plent oswa doleyans ou an alekri bay manm pèsonèl ajans ou an. Si ajans lan pa rezoud ajans ou an, oswa si ou prefere sa, ou ka ale dirèkteman sou Thriving Mind.

Thriving Mind bay anpil valè nan enkyetid piblik la epi li ofri yon pwosesis pou moun ka ekspri epi chèche rezolisyon pou pwoblèm oswa enkyetid ki gen rapò ak nenpòt nan founisè sèvis li yo ki sou kontra. Thriving Mind chèche asire l plent ak doleyans yo trete ak rezoud nan yon fason ki apwopriye, jis, transparan, epi nan bon delè. Pa gen okenn moun ki dwe sibi diskriminasyon oswa tretman dezavantajè poutèt patisipasyon nan yon plent oswa doleyans ki valab. Nou ka soumèt lent ak doleyans yo vèbalman oswa alekri, epi moun ki depoze yo ka retire yo nan nenpòt etap nan pwosesis la, si li bay yon avi vèbal oswa ekri. Yo dwe kenbe konfidansyalite a nan limit sa ki posib epi an akò ak lwa ki aplikab yo. Nou dwe rapòte imedyatman nenpòt plent oswa reklamasyon ki gen ladan akizasyon ki mande pou notifiye yon otorite regilasyon. Sa gen ladan, men li pa limite sèlman ak Liy Dirèk Kont Abi a, Biwo Enspektè Jeneral la (Office of the Inspector General, OIG), Depatman Sante (Department of Health, DOH) Florida, Depatman Timoun ak Fanmi ("The Department"), ak Depatman Sante ak Sèvis Imen (Health and Human Services, HHS).

Ou ka ranpli yon plent oswa yon doleyans lè ou rele nan (305) 858-3335 oswa ekri òganizasyon an nan [grievance@thrivingmind](mailto:grievance@thrivingmind) ki parèt sou sitwèb Thriving Mind nan, [thrivingmind.org](http://thrivingmind.org).

Pèsonèl Thriving Mind ki responsab pou Amelyorasyon Kontini Kalite (Continuous Quality Improvement, CQI) a dwe kontakte moun ki fè rapò a nan senk (5) jou ouvrab apre yo fin resevwa plent oswa reklamasyon an, pou mande plis enfòmasyon pou ede nan ankèt ak evalyasyon pwoblèm nan. Yo pral kontakte founisè sèvis ki sou kontra a pou jwenn enfòmasyon pou revizyon tou. Nou ka pwograme yon randevou ak plenyan/moun ki fè doleyans sou demand li.

N ap rezoud plent ak reklamasyon yo nan 30 jou apre yo fin depoze yo, sof si moun ki fè plent lan mande yon ekstansyon oswa si li dokimante dwe gen plis enfòmasyon pou pi bon enterè moun nan nan rezoud pwoblèm nan. Si plis tan nesesè, n ap bay moun ki fè plent lan yon avi oral nan fen jounen desizyon an oswa yon avi ekri nan de (2) jou ouvrab apre jou desizyon an, pou eksplike rezon reta a. N ap voye bay The Department nenpòt plent oswa reklamasyon ki pa rezoud.

## **TRIBUNAL/SISTÈM JIDISYÈ**

Biwo Defans Piblik la ofri moun ki an danje pou pèdi libète yo posibilite pou jwenn reprezantan legal, sitou nan dosye ki gen rapò ak zafè kriminel epi sante mantal yo. Reprezantasyon an fèt sou kondisyon ak desizyon tribinal la ki deklare moun nan pa gen resous epi yo nome yon Defansè Piblik.

### **Biwo Defans Piblik Konte Miami Dade**

1320 NW 14 St.

Miami, FL 33125

305-545-1600

### **Biwo Defans Piblik Konte Monroe**

1111 12<sup>th</sup> St., Suite 311

Key West, FL 33040

305-294-2501

### **Dade Legal Aid/Put Something Back**

123 NW 1st Ave., Suite 214

Miami, FL 33128

305-579-5733 (Sistèm Akèy Telefonik)

Tanpri, ale sou <https://www.dadelegalaid.org/> pou plis enfòmasyon.

Kalite Dosye:

- Dwa Familyal (Depoze dosye inisyal pou yon demann divòs ki enplike timoun, patènite oswa gad)
- Vyolans Domestik (Moun ki ap chèche jwenn reprezantasyon jiridik pou yon òdonans restriksyon)
- Gad Legal
- Fayit
- Lojman

**PWOJÈ BENEVÒL AK PATANT BENEVÒL PUT SOMETHING BACK**

**Put Something Back:** Yon sèvis oryantasyon ki koresponn ak kliyan yo nan kesyon divès ki pa konteste, kesyon jiridik endividyèl ak sivil, pwobasyon, testaman, papye kay, chanje non, privilèj, sezi kay, dwa antrepriz, enkòporasyon, ak òganizasyon ki pa sou fè lajan.

305-579-5733

Nimewo Faks: 305-372-7693

[PSB@dadelegalaid.org](mailto:PSB@dadelegalaid.org)

|                                                                                                                                                                  |                                                                                                                     |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Pwojè Gadyen nan South Dade</b><br>10700 SW 211 St., Room 1302<br>Cutler Bay, FL 33189<br>305-971- 5081                                                       | <b>Sèvis Defans pou Timoun</b><br>Pwogram Gadyen Ad Litem – Tribinal Timoun yo<br>155 NW 3rd St.<br>Miami, FL 33128 |
| <b>Sèvis Jiridik nan Gran Miami</b><br>4343 W. Flagler St., Suite 100<br>Miami, FL 33134<br>Sèvis pou Miami-Dade: 305-576-0080<br>Sèvis pou Monroe: 866-686-2760 | <b>Pwogram Dejidisyarizasyon Prizon</b><br>1351 NW 12th St.<br>Miami, FL 33125<br>Room 7200                         |

Pwogram sa a fèt pou anpeche sistèm jistis penal la trete dosye moun ki gen maladi mantal grav (SMI) oswa pwoblèm ki lakoz SMI ak pwoblèm itilizasyon sibstans, yon fason pou oryante yo nan sèvis tretman ak sipò nan kominote a. Pwogram nan ede patisipan yo adapte yo ak egzijans ki gen nan pwosesis jistis kriminel la epi li devlope plan tranzisyon endividyèl pou yo vin nan kominote a. Yo ap fè aranjman pou mete lyen ak tretman sikyatrik ki nesèsè, medikaman, sèvis sipò ak lojman, anplas anvan reyentegrasyon nan kominote a.

**Referans pou deli minè yo soti prizon oswa se Thriving Mind ki seleksyone yo. Se Defans Piblik/Avoka Defans lan ki trete referans pou deli ki grav yo.**

#### **Dosye Deli Minè yo**

Pwogram Dejidisyarizasyon Prizon pou Deli ki Minè  
Onzyèm Pwojè Jidisyè Kriminèl Sante Mantal  
Richard E. Gerstein Justice Building  
1351 NW 12th St. Room 7200  
Miami, FL 33125  
305-548-5661

#### **Dosye Krim ki Grav**

Kontakte: 305-548-5735  
Kowòdonatè Swen: 305-504-0900

### **SIPÒ NAN KA KRIZ SANTE KONPÒTMANTAL AK BAKER ACT**

**ÈSKE OU MENM OSWA YON MOUN OU KONNEN TE VIV NENPÒT NAN SA KI VIN APRE YO?**

- Panse suisid
- Panse pou fè tèt ou oswa yon lòt moun mal

- Santiman ak panse enkyetid, kè sote, paranoya
- Pwoblèm alkòl, medikaman sou preskripsyon, ak/oswa dwòg ilegal
- Pwoblèm ki lye ak santiman epi konpòtman w k ap afekte travay, lekòl ak/oswa relasyon w ak lòt moun

### Sipò pou Kriz ak Baker Act

Yon Baker Act se yon mwayen pou bay moun ki gen risk pou fèt tèt yo oswa lòt moun mal akòz maladi mantal yo, yon evalyasyon dijans, yon tretman ak yon estabilizasyon akoutèm sou yon baz ki pa volontè. Nenpòt moun kapab mande siveyans, dyagnostik ak tretman sante mantal, sou yon baz volontè, epi pa oblije gen yon Baker Act.

**Pou inisye yon Baker Act**, yon manm fanmi an, yon zanmi oswa yon moun ki nan sitiyaasyon kriz kapab rele sèvis ki vin apre yo:

- **Ekip Entèkansyon Mobil (MRT)** Disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn.

*Konte Miami-Dade*

*Westcare/The Village South*

**800-HELP-YOU (800-435-7968)**

*Konte Monroe*

*Guidance Care/Center, Inc.*

**305-434-7660, opsyon #8.** Ekip Entèkansyon Mobil la ap bay sèvis entèkansyon anplas san pèdi tan nan ka kote gen griz sante konpòtmantal pou moun tout laj.

- Delè entèkansyon an se 60 minit pou yon apèl nan ka yon kriz.
- Triyaj apèl 24/7 pou mete moun yo an kontak ak swen epi sèvis yo.
- **911** epi mande yon ofisye polis ki fòme nan Ekip Entèkansyon nan Moman Kriz (CIT).
- **988 Florida Lifeline** konekte moun k ap fè eksperyans panse swisid, twoub itilizasyon sibstans, kriz sante mantal, oswa nenpòt lòt kalite detès emosyonèl ak yon konsèy kriz nan zòn yo ye a.

### **Yon Petisyon Ex Parte pou Egzamen ki Pa Volontè:**

Si yo aksepte petisyon sa a, yon moun kapab nan prizon epi li jwenn sèvis dijans, yon evalyasyon sante mantal, ansanm ak tretman si sa nesèsè.

### **Kilè ak ki kote pou depoze Petisyon pou Egzamen ki Pa Volontè a:**

Ou kapab depoze Petisyon pou Egzamen ki Pa Volontè a nan biwo Grefye Tribinal yo, lendi rive vandredi, soti 8 a.m. pou 4 p.m. nan 73 W. Flagler St. Miami, FL 33130. Pa gen frè depo ki obligatwa pou depoze yon Petisyon pou Egzamen ki Pa Volontè.

Pou plis detay, tanpri ale sou <https://www.miamidadeclerk.gov/clerk/home.page>

### **Pou Sipò ak Èd Lè Gen Kriz, Moun yo Kapab Rele:**

- **Liy Sekou 988 Florida** 988 se yon sèvis sipò gratis, disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn, ki la pou ede moun ki gen kriz suisid oswa detès emosyonèl yo, grasa yon liy konsèy konfidansyèl ki mete moun yo an kontak ak yon espesyalis ki fòme pou entèkansyon lè gen kriz. Youn nan fò ide ki plis gaye se: yon moun dwe gen panse suisid pou li kontakte 988, alòske se pa vre. Rele, voye mesaj tèks, oswa tchat avèk 988 si w santi w boulvèsè, fache, oswa enkyè akòz yon moun pwòch ou ki touye tèt li, epi pale konsènan mezi w pran pou santi w pi byen.

- **Liy Èd 211:**
  - o 211 se yon liy èd konfidansyèl ki mete moun ki gen bezwen yo an kontak avèk resous kominotè ki disponib nan Konte Miami-Dade ak Monroe yo. 211 Miami gen yon gwo baz done ki gen plis pase 4000 pwogram ak resous pou èd sèvis sosyal konsènan ensekirite alimantè, èd jiridik,abri pou moun ki sanzabri, ak pwogram èd finansyè. Epitou, 211 Miami ofri kliyan ki gen detrès emosyonèl yo yon sipò emosyonèl ak konsèy lè gen kriz, ki disponib 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn nan lang Anglè, Espanyòl, ak Kreyòl.
- **Helpline, Inc. - *Konte Monroe*:**
  - o Sa a se yon liy enfòmasyon pou jesyon kriz ak ijans pou moun k ap viv nan Florida Keys.
  - o 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn, 800-955-5504
- **Liy Kriz pou Veteran:**
  - o 800-273-8255, Peze 1. Veye mesaj bay 838255 pou jwenn èd.
- **Jèn LGBTQ:**

Rele 866-488-7386 24 èdtan pa jou epi 7 jou pa semèn. Tchat (Pwojè Trevor a) disponib 7 jou pa semèn apati 3 p.m.- 9 p.m.

**Liy Èd LGBTQ ak Sansibilizasyon kont Suisid nan Miami:**  
Rele 305-646-3600 nan lang Anglè, Espanyòl, ak Kreyòl.

#### Etablisman Prive Baker Act

|                                                                                                                             |                                                                                                                 |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Aventura Hospital &amp; Medical Center</b><br>20900 Biscayne Blvd.<br>Aventura, FL 33180<br>305-682-7000<br>305-682-7241 | <b>Sant Medikal Mount Sinai</b><br>4300 Alton Road<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-674-2941                     |
| <b>Jackson Behavioral Health Hospital</b><br>1695 NW 9th Ave.<br>Miami, FL 33136<br>305-355-7777                            | <b>Jackson South Community Hospital</b><br>9333 SW 152nd St.<br>Miami, FL 33157<br>305-251-2500<br>305-256-5310 |
| <b>North Shore Medical Center</b><br>1100 N. 95th St.<br>Miami, FL 33150<br>305-835-6000                                    | <b>Larkin Hospital</b><br>7031 SW 62nd Ave.<br>Miami, FL 33143<br>305-284-7500                                  |
| <b>Southern Winds Hospital</b><br>4225 W. 20 <sup>th</sup> Ave.<br>Hialeah, FL 33012<br>305-558-9700                        | <b>Holtz Children's Hospital</b><br>3100 SW 62nd Ave.<br>Miami, FL 33155<br>305-666-6511                        |

|                                                                                         |                                                                                                             |
|-----------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Keralty General Hospital</b><br>2500 SW 75th Ave.<br>Miami, FL 33155<br>305-264-5252 | <b>Miami Veterans Affairs (VA) Healthcare System</b><br>1201 NW 16th St.<br>Miami, FL 33125<br>305-575-7000 |
|-----------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

**Etablisman Piblik Baker Act – Ke Eta a Finanse nan Konte Miami-Dade**

|                                                                                                                                              |                                                                                                                                                                               |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Banyan Health System</b><br>3800 W. Flagler St.<br>Miami, FL 33134<br>305-774-3600                                                        | <b>Citrus Health Network</b><br>4175 W. 20th St.<br>Hialeah, FL 33012<br>305-825-0300                                                                                         |
| <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)</b><br>10300 SW 216 <sup>th</sup> Street<br>Miami, FL 33190<br>305-253-5100<br>305-252-4865 | <b>Jackson Community Mental Health Center</b><br>15055 NW 27th Ave.<br>Opa-Locka, FL 33054<br>786-466-2800<br>786-466-2834                                                    |
| <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Guidance Care Center, Inc.</b><br>3000 41 <sup>st</sup> St. Ocean<br>Marathon, FL 33050<br>305-434-7660     | <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Lower Florida Keys Health System</b><br><b>(DePoo Hospital)</b><br>1200 Kennedy Drive<br>Key West, FL 33040<br>305-294-5531, ekstansyon 2001 |

**SÈTIFIKA LANMÒ**

Premye etap la se detèmine kalifikasyon w pou resevwa yon sètifika lanmò.

**San enfòmasyon sou koz lanmò a:** Nenpòt moun ki gen laj legal (18) kapab resevwa kopi sètifye yon sètifika lanmò san enfòmasyon sou koz lanmò a.

**Avèk enfòmasyon sou koz lanmò a:** Se sèlman moun ki vin apre a yo kapab bay sètifika lanmò avèk enfòmasyon sou koz lanmò a:

- Mari/Madanm oswa paran moun ki mouri a,
- Pitit, pitit pitit, oswa frè ak sè moun ki mouri a, si yo gen laj legal,
- Nenpòt moun ki bay yon testaman, polis asirans oswa lòt dokiman ki montre enterè li genyen nan byen moun ki mouri a, oswa nenpòt moun ki bay dokiman ki montre li ap aji nan non nenpòt nan moun nou site anwo a.

Tout demann sètifikasyon pou yon sètifika lanmò ki gen enfòmasyon konsènan koz lanmò a dwe gen sa ki vin apre yo ladan li:

- Foto Idantite aplikan an (tankou yon lisans chofè ki valid (rekto vèsò), kat idantifikasyon Eta a, paspò, oswa yon kat idantifikasyon militè). Yon fotokopi foto idantite w la obligatwa pou demann ki fèt nan kourye lapòs yo
- Tanpri note sa, siyati aplikan an OBLIGATWA
- Estati kalifikasyon aplikan an (relasyon li genyen ak moun ki mouri a)
- Non konplè Moun ki mouri a, dat ak kote li te fèt
- Non konplè, adrès, ak nimewo telefòn aplikan an

**Ou kapab mande sètifika lanmò yo menm jan epi menm kote avèk sètifika nesans nou te site anwo yo.** Gen yon frè pou chak demann sètifika.

## ÈD POU MOUN KI VIKTIM VYOLANS DOMESTIK

**Pwogram Coordinated Victims Assistance nan Miami-Dade (CVAC):** Coordinated Victims Assistance Center nan Miami a se yon sant akèy gratis pou tout moun ki viktim vyolans domestik ak abi seksyèl ansanm ak timoun yo. Yon fason pou pèmèt ou jwenn èd ou bezwen an pi fasil, gen anpil ajans ki regwoupe yo nan Sant la. Yo te kreye CVAC pou elimine obstak moun ki viktim yo ap rankontre yo. Aktyèlman, CVAC gen 33 patnè sou plas, ki ofri, yon fason kolektif, 33 sèvis nan kominote a. CVAC te kreye yon pwotokòl ak yon sistèm evalyasyon santral ki pèmèt manm akèy nan Sant la evalye bezwen kliyan yo parapò ak patnè/sèvis ki sou plas yo, ansanm ak anviwon 20 patnè/sèvis andeyò sit la ki ap kolabore ak CVAC.

### **Coordinated Victims Assistance Center**

2400 S. Dixie Hwy.

Miami, FL 33133

305-285-5900

[https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid\\_service=ser1502483183449106](https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1502483183449106)

### **Lòt Sipò pou Vyolans Domestik:**

|                                                                                       |                                                                                                                                                                                               |
|---------------------------------------------------------------------------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Pwogram Defansè/Inite Vyolans Domestik</b>                                         | 305-704-0200<br><a href="https://advocateprogram.org/">https://advocateprogram.org/</a>                                                                                                       |
| <b>Coordinated Victims Assistance Center</b><br>2400 S. Dixie Hwy.<br>Miami, FL 33133 | 305-285-5900<br><a href="https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1502483183449106">https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1502483183449106</a> |
| <b>Abri pou Ede Viktim Vyolans Domestik nan Ka Agresyon Seksyèl</b>                   | 305-743-4440<br><a href="https://domesticabuseshelter.org/">https://domesticabuseshelter.org/</a>                                                                                             |
| <b>Inite Akèy pou Vyolans Domestik / Liy Dirèk 24 Èdtan</b>                           | 800-500-1119                                                                                                                                                                                  |
| <b>Ekip Sansibilizasyon Kont Vyolans Domestik</b>                                     | 305-993-2055                                                                                                                                                                                  |
| <b>Kowalisyon Florida Kont Vyolans Domestik</b>                                       | 800-500-1119                                                                                                                                                                                  |
| <b>Biwo pou Krim Domestik nan Depatman Lapolis Miami-Dade</b>                         | 305-418-7200<br><a href="https://www.miamidade.gov/global/police/domestic-violence.page">https://www.miamidade.gov/global/police/domestic-violence.page</a>                                   |
| <b>Fwaye Mè Teresa pou Medam ki an Detrès</b>                                         | 305-326-0032                                                                                                                                                                                  |
| <b>M.U.J.E.R. (Sèvis dirèk pou viktim yo (granmou ak timoun))</b>                     | 27112 S. Dixie Hwy.<br>Naranja, FL 33032<br>305-247-1388                                                                                                                                      |
| <b>Espas Sekirize</b>                                                                 | Nò: 305-758-2546<br>Sid: 305-247-4249<br><a href="https://www.safespacefoundation.org/">https://www.safespacefoundation.org/</a>                                                              |
| <b>Pwogram Èd pou Viktim</b>                                                          | 305-758-2819                                                                                                                                                                                  |

|                       |                                                                                                                                                                                               |
|-----------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Sant Sèvis pou Viktim | 305-374-9990<br><a href="https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1522162875915641">https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1522162875915641</a> |
|-----------------------|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|

### Tribinal pou Zafè Vyolans Domestik

#### Divizyon Vyolans Domestik Biwo South Dade

27112 S. Dixie Hwy.

Homestead, FL 33032

305-247-9562 Faks: 305-274-1362

#### Tribinal Santral pou Divizyon Zafè Vyolans Domestik

175 NW 1st Ave., Suite 214

Miami, FL 33128

305-349-5824 Faks: 305-372-7693

### SANT DAKÈY

Sant Dakèy yo fèt pou bay moun ki gen maladi mantal ki grav epi ki ap pèsiste yo yon pakèt posibilite pou pèmèt yo devlope, jere, epi patisipe nan yon seri aktivite sosyal, rekreyatif ki endepandan, epi ki antre nan rezon a.

|                                                                                                                                                                          |                                                                                                             |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b><u>Konte Miami-Dade</u></b><br>Sistèm Sante Banyan Sant Dakèy “Villa Esperanza”<br>1566 SW 1st St.<br>Miami, FL 33135<br>305-774-3300                                 | <b>Sant Dakèy Douglas Gardens</b><br>1150 NE 125 <sup>th</sup> St.<br>North Miami, FL 33161<br>305-403-0654 |
| <b>Sant Dakèy Fresh Start nan Miami-Dade</b><br>18441 NW 2 <sup>nd</sup> Avenue, Suite 106 and 108<br>Miami Gardens, FL 33169<br>305-623-9937<br>Liy gratis 877-854-8781 | <b>Sant Dakèy New Hope</b><br>156 NE 8th Street<br>Homestead, FL 33030<br>786-243-1003                      |
| <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Sant Dakèy Guidance Care Center</b><br>3000 41 <sup>st</sup> Street Ocean<br>Marathon, FL 33050<br>305-434-7660                         | <b>Sant Dakèy Guidance Care Center</b><br>1205 Fourth Street<br>Key West, FL 33040<br>305-434-7660 Option 4 |

### ÈD POU TRAVAY

Si w gen kesyon konsènan posiblilite travay, tanpri, pale ak jesyonè dosye a oswa lòt manm pèsone nan ajans kominotè ki ap fè w jwenn sèvis yo. Si w pa konekte avèk yon sant kominotè pou sante mantal, ale nan seksyon ki gen tit “Sant Kominotè pou Sante Mantal yo (CMHC)” ki nan manyèl sa a.

CareerSource SOUTH FLORIDA se pi gwo ajans travay nan Rejyon Sid la. Gen 14 anplasman toupatou nan Konte Miami-Dade ak Monroe. Sou sit entènèt yo a, <https://www.careersourcesfl.com/>, gen anplasman sa yo ansanm ak opòtinite pou karyè ak fòmasyon. Epi tou, yo montre fason pou prepare CV epi pou prepare entèvyou. Mete sou sa, Reyadaptasyon Pwofesyonèl (VR) se yon Pwogram Federal-Eta ki ap ede moun ki gen andikap fizik oswa mantal yo prepare yo pou jwenn oswa kenbe travay.

### Reyadaptasyon Pwofesyonèl

Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl la (VR) se yon pati nan Depatman Edikasyon Florida a. Se yon pwogram k ap ede moun ki gen andikap fizik oswa mantal yo prepare yo pou jwenn oswa kenbe travay. VR angaje l pou ede moun ki gen andikap yo jwenn karyè ki konsiderab. Anplis pwogram jeneral travay pou kliyan yo, VR gen lòt pwogram byen presi ki fèt pou ede moun kalifye ki gen andikap yo vin jwenn yon travay.

Pami Egzanp Sèvis VR yo gen:

- Tranzisyon pou Jèn
- Sèvis pou Moun ki Soud, ki Gen Difikilte pou Tande, epi pou Moun ki Soud ak Avèg
- Èd nan Travay
- Tikè pou Travay
- Pwogram Vi Endepandan
- Pwogram Sante Mantal
- Travayè Agrikòl Migran epi Sezonye
- Alyans nan Florida pou Sèvis ak Teknoloji Asiste (FAAST)

Reyadaptasyon Pwofesyonèl gen biwo toupatou nan Eta a. Rele 800-451-4327 pou jwenn enfòmasyon oswa ale sou <https://www.rehabworks.org/> pou jwenn lokal ki pi pre w.

CV Pou ede prepare CV, Career Builder ofri moun ki gen andikap yo èd pou prepare CV. Gen yon lyen sou sit entènèt Thriving Mind lan la a: <https://thrivingmind.org/initiatives/peer-support-services>.

## ÈD AK SÈVIS FINANSYÈ

### Axis Helps Miami

Resous anliy pou èd finansyè san wete pèman enèji, fè makèt, lwaye, lojman ak swen sante. Tanpri, ale sou <https://www.axishelps.org/>.

### Branches Sèvis Finansyè

Branches ofri posiblite pou chanje lavi fanmi ki ap travay di yo ansanm ak pitit yo pou ede yo kraze sik povrete ki la depi plizyè jenrasyon an. Misyon li se sèvi, edike epi enspire moun yo pa mwayen yon seri sèvis pou byennèt elèv, famiyal epi finansyè nan patenarya avèk kominote yo. Pami sèvis yo gen konsèy ak fòmasyon nan domèn finansyè, sèvis preparasyon taks, ak plis toujou. Pou plis enfòmasyon ak anplasman, tanpri ale sou <https://branchesfl.org>.

### Pwogram Èd pou Enèji nan Kay pou Granmoun (EHEAP)

Pwogram èd pou Enèji nan Kay pou Granmoun (EHEAP) ede granmoun ki kalifye yo peye fakti enèji yo nan ka ijans. Grasa EHEAP, fwaye ki kalifye yo kapab resevwa jiska \$5,000 pou plizyè fakti enèji nan limit fon ki disponib yo. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou <https://ehheap.org/>

### Pwogram Èd pou Enèji Nan Kay Pou Moun ki pa Gen Anpil Revni Yo (LIHEAP)

Pwogram Èd pou Enèji nan Kay pou Moun ki pa Gen Anpil Revni an (LIHEAP) se yon pwogram gouvènman federal la finanse ki bay èd pou konplete depans enèji nan yon kay chak ane. Epitou, pwogram nan ofri yon avantaj an ijans pou kay yo nan ka ijans enèji ki lye ak chalè oswa chofaj. LIHEAP ofri yon avantaj pou reparasyon ak/oswa ranplasman ekipman chofaj pou pwopriyetè kay ki gen ekipman chofaj ki pa fonksyone yo.

Pou kalifye pou Florida LIHEAP, ou dwe enskri nan yon pwogram avantaj sèvis sosyal ki kalifye tankou Asistans Tanporè, Revni Sekirite Sipleman (SSI) oswa Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (SNAP, yo te konn rele "Food Stamp"). Ou dwe yon rezidan nan eta Florida epi ou dwe bezwen asistans finansye pou depans enèji nan kay.

Tanpri, rele 786-469-4640 nan Miami-Dade oswa ale sou

[https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid\\_service=ser1504204216164378](https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid_service=ser1504204216164378).

Pou Konte Monroe, rele 305-292-4408 oswa ale sou

<https://www.monroecounty-fl.gov/146/CommunitySupport-Services> pou plis enfòmasyon.

### Èd Dijans pou Lwaye

Pwogram Èd Dijans pou Lwaye a bay pèman lwaye si w ranpli kèk kalifikasyon nan kesyon revni. Tanpri ale sou

<https://www.miamidade.gov/global/government/mayor/building-blocks/homes-plan.page> (Miami-

Dade) oswa <https://www.monroecounty-fl.gov/1220/CARES-Act-Funding> (Monroe) oswa rele 305-723-1815 (Miami-Dade), 305-294-4641 (Monroe) pou plis enfòmasyon ak pou egzijans sou kalifikasyon.

### Sipleman Eta a ki Pa Obligatwa (OSS)

Sipleman Eta a ki Pa Obligatwa (OSS) se yon pwogram èd lajan kach. Objektif li se konplete revni yon moun pou ede li peye frè pou depans nan yon etablisman pou asistans lavi, yon etablisman rezidansyèl pou tretman sante mantal, ak fwaye famiyal pou granmoun. Se PA yon pwogram Medicaid.

Pou yon moun kalifye pou OSS, li dwe:

- Gen 65 lane oswa plis, oswa gen 18 lane oswa plis, epi avèg oswa gen andikap
- Se yon sitwayen Ameriken oswa yon moun kalifye ki pa sitwayen
- Se yon rezidan Florida
- Gen yon Nimewo Sekirite Sosyal oswa depoze demann pou youn
- Fè demann pou nenpòt lòt avantaj moun nan kapab gen dwa jwenn
- Deklare responsabilite lòt moun (sètadi asirans sante)
- Sètifye grasa Sèvis pou Granmoun yo oswa jesyonè dosye Sante Mantal la antanke yon moun ki bezwen yo plase li nan yon etablisman ki gen lisans: Fwaye Famiyal pou Granmoun (AFCH), Etablisman pou Asistans Lavi (ALF), oswa Etablisman Rezidansyèl pou Tretman Sante Mantal (MHRTF).

Se sèlman yon Etablisman pou Asistans Lavi (ALF), Fwaye Famiyal pou Granmoun (AFCH), Etablisman Rezidansyèl pou Tretman Sante Mantal (MHRTF) oswa jesyonè dosye ki kapab aplike pou OSS. Pou jwenn plis enfòmasyon rele nan 786257-5341

## Èd pou Fakti Dlo

Pwogram LIHWAP Konte Miami-Dade la bay rezidan nan Konte Miami-Dade ki kalifye epi ki ap rankontre difikilte pou peye fakti dlo yo akòz epidemi an, yon èd dijans pou yo peye fakti dlo. Kay ki kalifye yo kapab resevwa jiska \$1,000 nan yon peryòd 12 mwa. Èd la baze selon disponibilite fon yo. Tanpri, rele 786-469-4600 epi/oswa ale sou <https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid=service=ser1619790483360584> pou plis enfòmasyon.

## KAT IDANTIFIKASYON FLORIDA AK LISANS CHOFÈ

Pou vizite Depatman Sekirite Wout ak Machin ki Gen Motè nan Florida (FLHSMV), ou dwe vin ak yon seri dokiman orijinal ki pwouve:

Idantite w

Nimewo Sekirite Sosyal ou

Adrès rezidansyèl ou

Pou w vizite yon biwo FLHSMV, nou rekòmande w pran yon randevou. Sit entènèt pou fè sa a se <https://www.flhsmv.gov/driver-licenses-id-cards/>. Chwazi konte kote w rezide a pou pwograme yon randevou. Pri aktyèl pou yon Lisans Chofè nan Florida se \$48 epi pri pou yon Kat Idantifikasyon Florida se 25 dola, men, pri sa yo kapab chanje. Pri sa yo diferan pou renouvèlman yo. Yo aksepte metòd pèman ki vin apre yo: lajan kach, chèk, manda postal, kat ATM/debi, Visa, Mastercard, Discover, epi American Express.

## BANK ALIMANTÈ

### **\*\*RELE DABÒ POU ORÈ DISTRIBISYON YO\*\***

|                                                                                                                                                                                                                                      |                                                                                                                                                                                                         |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Curley's House of Style Inc./Hope Food Bank</b><br>6025 NW 6th Court<br>Miami, FL 33127<br>305-759-9805<br><a href="https://curleyshousefoodbank.com/">https://curleyshousefoodbank.com/</a>                                      | <b>Farm Share</b><br>14125 SW 320th St.<br>Homestead, FL 33033<br>305-246-3276 (FARM)<br><a href="https://www.farmshare.org/">https://www.farmshare.org/</a>                                            |
| <b>Feeding South Florida</b><br>2501 SW 32nd Terr.<br>Pembroke Park, FL 33023<br>954-518-1818<br><a href="https://feedingsouthflorida.org/general-food-distribution/">https://feedingsouthflorida.org/general-food-distribution/</a> | <b>Jewish Community Services</b><br>735 NE 125th t.<br>North Miami, FL 33161<br>305-576-6550<br><a href="https://jcsfl.org/programs/kosher-food-bank/">https://jcsfl.org/programs/kosher-food-bank/</a> |
| <b>Pass It on Ministries of South Florida</b><br>14617 N.W. 7th Ave.<br>Miami, FL 33168<br>305-681-1594                                                                                                                              | <b>Florida Keys<br/>Southernmost Homeless Assistance League, Inc.<br/>(SHAL)</b><br>5537 College Rd.<br>Key West, FL 33040<br>305-292-2744                                                              |

## FOOD STAMPS

Florida ofri yon pwogram Koupon pou Achte Manje pa mwayen Depatman Timoun ak Fanmi an. Pwogram sa a fèt pou ede kay ki pa gen anpil revni yo achte aliman nitritif pou fanmi an. **Pou jwenn enfòmasyon sou Koupon pou Achte Manje, rele:**

**LIY ENFÒMASYON ACCESS FLORIDA**  
**866-762-2237**

Ou kapab fè yon demann Koupon pou Achte Manje anliy grasa sistèm ACCESS Florida a sou sit entènèt <https://myaccess.myflfamilies.com/> Sistèm sa a ap pran tout enfòmasyon ki nesès pou demann ou an epi se fason ki pi rapid pou resevwa Koupon pou Achte Manje. Depatman pou Timoun ak Fanmi nan Florida a ap apwouve oswa rejte demann ou an nan espas sèt (7) rive 30 jou. Si w bezwen èd pou w fè demann lan, ou kapab ale nan Patisipan Rezo kominote ACCESS yo. Patisipan sa yo twouve yo nan kominote a epi, pami yo, gen sant resous pou moun ki granmoun, sant pou defann timoun, sant kominotè, inite sante piblik nan konte a, sant pou konbat vyolans domestik, òganizasyon relijye, depo alimantè, òganizasyon pou moun ki sanzabri, bibliyotèk, ak sant Workforce One. Ale sou <https://myaccess.myflfamilies.com/Public/CPCPS> pou jwenn yon lis anplasman yo konplè.

## SÈVIS MEDIKO-LEGAL

Sèvis mediko-legal yo fèt pou moun ki gen 18 lane oswa plis yo te akize pou yon krim epi yo te fè dyagnostik ki montre yo gen maladi mantal ki grav epi ki ap pèsiste (SPMI), epi, akòz maladi mantal yo a, gen yon estati jiridik ki montre yo 916 Pa Koupab pou Rezon Foli oswa 916 Pa Kapab Kontinye (ITP) nan pwosesis kriminel yo a.

Byen souvan, yo konn antre sèvis mediko-legal yo nan lòt sèvis sante mantal/itilizasyon sibstans nan kominote nou an. Sante Kominotè nan Sid Florida (CHI) bay sèvis sa yo nan Konte Miami-Dade ak Monroe, epi li rapòte nenpòt chanjman ki fèt nan tretman oswa konpòtman yo bay tribinal. Se Thriving Mind South Florida ki ap siveye CHI.

Objektif sèvis mediko-legal yo se restore konpetans yo. Nan sèvis yo genyen tretman rezidansyèl mediko-legal Tretman Rezidansyèl Akoutèm (Short Term Residential, SRT), Sant Altènatif Mediko-legal Miami-Dade, ak Aksè nan Retablisman San Danje Citrus (STAR), ansanm ak Tretman Rezidansyèl Nivo II ak Nivo IV, epi Sipò nan ka Kote gen Kriz. Si w gen kesyon konsènan sèvis mediko-legal yo, tanpri voye imèl bay [information@thrivingmind.org](mailto:information@thrivingmind.org) oswa rele 888-248-3111.

## SANT SWEN SANTE

Sant Sante ki Kalifye nan Nivo Federal yo (FQHC) se yon seri òganizasyon kominotè ki bay premye swen medikal ki konplè ansanm ak swen medikal prevantif, san wete sèvis sante, dantè, ak sante mantal/itilizasyon sibstans pou moun tout laj, kèlkeswa kapasite yo genyen pou peye oswa kèlkeswa estati asirans sante yo.

Sant sante sa yo resevwa fon federal pou bay tretman ak sèvis selon sa w kapab peye. Se sa ki rele yon echèl mobil oswa yon tarif ki ap diminye. Chak moun gen responsabilite pou peye yon pati nan depans pou swen yo, men, si w pa gen anpil lajan oswa w pa gen lajan, yo ap toujou bay sèvis yo.

**Kek Anplasan:**

|                                                                                                                                                                   |                                                                                                                                                                |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Banyan Health Systems (Prensipal)</b><br>3733 W. Flagler St.<br>Miami, FL 33134<br>305-774-3300                                                                | <b>Banyan Health System</b><br>3850 W. Flagler St.<br>Miami, FL 33134<br>305-774-3300                                                                          |
| <b>Banyan Health System</b><br>3800 W. Flagler St.<br>Miami, FL 33134<br>305-774-3300                                                                             | <b>Banyan Health System<br/>(Children Health Center)</b><br>10720 Caribbean Blvd., Suite 400<br>Cutler Bay, FL 33189<br>786-293-9544                           |
| <b>Borinquen Health Care Center, Inc.</b><br>3601 N. Federal Hwy.<br>Miami, FL 33137 305-576-6611                                                                 | <b>Camillus Health Concern, Inc.</b><br>336 N.W. 5 <sup>th</sup> St.<br>Miami, FL 33128<br>305-577-4840                                                        |
| <b>Care Resource</b><br>Miami-Dade Primary Care Center<br>3801 Biscayne Blvd., 2 <sup>nd</sup> Floor<br>Miami, FL 33137<br>305-576-1234                           | <b>Care Resource</b><br>Miami Beach Primary Care Center<br>1701 Meridian Ave., Suite 400<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-673-3555                              |
| <b>Children's Wellness Center</b><br>1190 NW 95th St., Suite 304<br>Miami, FL 33150 305-835-6980                                                                  | <b>Citrus Health Network Medical Primary Care<br/>Clinic</b><br>4125 West 20 <sup>th</sup> Ave.<br>Hialeah, FL 33012<br>305-424-3120                           |
| <b>Citrus Health Network Palm Center Clinic</b><br>60 East 3 <sup>rd</sup> St., Suite 102C<br>Hialeah, FL 33010<br>305-441-5330                                   | <b>Citrus Health Network Maternal and Child<br/>Health Center</b><br>551 W. 51st Place<br>Hialeah, FL 33012<br>305-817-6560                                    |
| <b>Community Health of South Florida, Inc. South<br/>Miami Health Center</b><br>6350 Sunset Dr.<br>Miami, FL 33143<br>305-252-4820                                | <b>Community Health of South Florida, Inc. Doris<br/>Ison South Dade Health Center</b><br>10300 SW 216 <sup>th</sup> Street<br>Miami, FL 33190<br>305-253-5100 |
| <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)<br/>Martin Luther King Jr. Site Clinica Campesina</b><br>810 W. Mowry St.<br>Homestead, FL 33030<br>305-248-4334 | <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)<br/>South Dade Health Center</b><br>13600 S.W. 312th St.<br>Homestead, FL 33033<br>305-242-6069               |
| <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)<br/>West Perrine Health Center</b><br>18255 Homestead Ave.<br>Perrine, FL 33157<br>305-234-7676                  | <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)<br/>Naranja Health Center</b><br>13805 SW 264th St.<br>Naranja, FL 33032<br>305-258-6813                      |
| <b>Community Health of South Florida, Inc. (CHI)<br/>Everglades Health Center</b><br>19300 SW 376th St.                                                           | <b>Dr. Rafael A. Penalver Clinic</b><br>971 NW 2nd St.<br>Miami, FL 33128                                                                                      |

|                                                                                                                                                |                                                                                                                                                                    |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| Florida City, FL 33030<br>305-246-4607                                                                                                         | 305-545-7737                                                                                                                                                       |
| <b>Flamingo Medical Center</b><br>901 E. 10 <sup>th</sup> Ave., Bay # 39<br>Miami, FL 33010<br>305-887-0004                                    | <b>Jackson Health System – North Dade Health Center</b><br>16555 NW 25th Ave.<br>Opa Locka, FL 33054<br>786-466-1900                                               |
| <b>Jefferson Reaves Sr. Health Center</b><br>1009 NW 5th Ave.<br>Miami, FL 33136<br>786-466-4000                                               | <b>Jessie Trice Community Health Center (JTCHC)</b><br>5361 NW 22nd Ave.<br>Miami, FL 33142<br>305-637-6400                                                        |
| <b>Jessie Trice Community Health Center North Women’s Center</b><br>1190 NW 95 <sup>th</sup> St., Suite 110<br>Miami, FL 33142<br>305-637-6400 | <b>Miami Beach Community Health Center (MBCHC)</b><br><b>Stanley C. Myers Building</b><br>710 Alton Road<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-538-8835                  |
| <b>Miami Beach Community Health Center</b><br>11645 Biscayne Blvd., Suite 103 & 104<br>North Miami, FL 33181<br>305-538-8835                   | <b>Miami Beach Community Health Center Beverly Press Building</b><br>1221 71st St.<br>Miami Beach, FL 33141<br>305-538-8835                                        |
| <b>Rosie Lee Wesley (South Miami)</b><br>6601 S.W. 62nd Ave.<br>Miami, FL 33143<br>786-466-6900                                                | <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Rural Health Network Of Monroe County FL, Inc.</b><br>3706 N. Roosevelt Blvd., Suite F<br>Key West, FL 33040-4566<br>305-517-6613 |
| <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Lower Keys – Key West</b><br>1010 Kennedy Drive, Suite 307<br>Key West, FL 33040<br>305-292-6422              | <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Upper Keys – Tavernier</b><br>91555 Overseas Hwy., Suite 1<br>Tavernier, FL 33070<br>305-735-4218                                 |
| <b><u>Konte Monroe</u></b><br><b>Marathon Health Center</b><br>2855 Overseas Hwy.<br>Marathon, FL 33050 MM 48<br>305-743-4000                  |                                                                                                                                                                    |

Pou asistans medikal nan Florida Keys (Konte Monroe), chèche pran kontak avèk Southernmost Homeless Assistance League, Inc. (SHAL) 305-292-2744 ak Sèvis Sante Konte Monroe nan 305-293-7500.

## KLINIK AK SÈVIS POU VIH/SIDA

### Klinik RAW University of Miami

Klinik Rapid Access Wellness la (RAW) twouve li nan Converge Building, nan katye Allapattah nan Miami, toupre Kanpis Medikal Um nan. Klinik la bay menm sèvis ak Pwogram Mobil PrEP la, avèk menm apwòch pou diminye obstak yo. Gade lè ak orè Klinik la.

## Pwogram GeN Well

Pwogram Gen-Well la se yon nouvo sèvis ki gen nan Klinik RAW la ki ofri plizyè sèvis afimasyon sèks, tankou:

- Konsiltasyon avèk yon seri founisè medikal ki konpetan
- Preskripsyon òmòn feminen ak òmòn maskilen ansanm ak suivi pou nivo yo.
- Konsèy sou byennèt nan kesyon sèks
- Navigasyon pasyan parèy ou nan kowòdinasyon avèk sèvis prevansyon VIH PrEP (pwofilaksi anvan kontaminasyon) ak enfeksyon moun pran nan fè sèks

## Pwogram Mobil PrEP

Pwogram Mobil UM PrEP a ofri tès depistaj ak tretman PrEP, nPEP, ak STI (enfeksyon moun pran nan fè sèks), epi yo pran kesyon VIH la an konsiderasyon byen rapid nan lokal kominotè Konte Miami-Dade. Yo ofri kliyan yo tout sèvis yo gratis. Tout moun byenvini, kèlkeswa estati asirans oswa estati imigrasyon/ rezidans yo. Nou ouvri nan apremidi ak aswè nan lokal kominotè nou yo. Aktyèlman, lokal kominotè nou yo twouve yo nan South Beach (deyò Otèl Gaythering), nan Hialeah epi nan Liberty City.

**Kontak:** Pou nenpòt kesyon oswa pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte nou nan 305-243-2584 oswa voye imèl nan [RAPID@miami.edu](mailto:RAPID@miami.edu). Vizite <https://umiamihealth.org/en/treatments-and-services/virtual-clinics> pou jwenn plis detay.

## **Latinos Salud**

Latinos Salud egziste pou bay edikasyon sou sante ki santre sou kliyan yo epi ki respekte kilti yo, ansanm ak sèvis prevansyon, tès depistaj, ak koneksyon ak swen nan tout sid Florida, pou diminye kantite maladi ki ka transmèt e pou amelyore rezilta sante moun yo.

<https://www.latinossalud.org/>

## Pwogram Jackson SFAN

Jackson Health System ofri sèvis konplè pou tès depistaj VIH/SIDA ansanm ak sipò nan tout sistèm nan.

### **Pou Granmoun**

Jackson Memorial Hospital te etabli South Florida AIDS Network (SFAN) nan lane 1986, li se premye òganizasyon nan Konte Miami-Dade ki bay sèvis pou defann/jere dosye kliyan yo ansanm ak sèvis sipò pou moun ki gen VIH/SIDA. Kounye a, SFAN se pi gwo founisè sèvis konplè nan kesyon VIH/SIDA nan Konte Miami-Dade.

### **Pou Timoun**

Inite Iminoloji Klinik pou Timoun nan Holtz Children's Hospital la se youn (1) pami sèl inite nan peyi a ki espesyalize nan trete timoun ki pozitif nan VIH, soti depi lè yo fèt rive nan adolesans yo. Yo te kreye inite espesyalize sa a nan lane 1995 pou pèmèt timoun sistèm iminitè yo vin fèb akòz VIH la, jwenn swen epi manm pèsònèl ki espesyalize. Piske tretman kont VIH la vin amelyore tank tan ap pase, gen plis timoun ki viv pi lontan epi ki viv pi byen. Gen anpil timoun nan Inite Iminoloji Klinik Holtz Children's nan ki grandi soti nan timoun piti pou vin adolesan, epi ki retounen nan CCIU a chak fwa eta sante yo chanje.

**Adrès yo:**

|                                                                                                                                                                                                                      |                                                                                                                                                                                                             |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Holtz Children's Hospital</b><br>1611 NW 12th Ave.<br>Miami, FL, 33136<br>305-585-5437<br>Ouvri 24 èdtan chak semèn                                                                                               | <b>Jackson Memorial Hospital</b><br>1611 NW 12th Ave.<br>Miami, FL, 33136<br>305-585-1111<br>Ouvri 24 èdtan chak semèn                                                                                      |
| <b>Jefferson Reaves, Sr. Health Center</b><br>1009 NW 5th Ave.<br>Miami, FL, 33136<br>786-466-4000<br>Lendi, Madi, Jedi ak Vandredi soti 8 a.m. rive 5 p.m.   Mèkredi yo soti 9 a.m. rive 5 p.m.                     | <b>Sant Sante North Dade (North Dade Health Center)</b><br>16555 NW 25th Ave.<br>Miami Gardens, FL 33054<br>786-466-1500<br>Lendi rive vandredi, 8 a.m. pou 5 p.m. Sant lan fèmen nan jou samdi ak dimanch. |
| <b>Prevention, Education &amp; Treatment (P.E.T.) Center</b><br>615 Collins Ave.<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-585-4200<br>Lendi rive vandredi, 7:30 a.m. jiska 4:30 p.m.<br>Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou . |                                                                                                                                                                                                             |

#### Other Clinics:

|                                                                                                                                                                                                         |                                                                                                                                                                                      |
|---------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Fondasyon Swen Sante pou SIDA (AIDS Health Care Foundation)</b><br>100 NW 170th St., Suite 208<br>Miami, FL 33169<br>305-405-0045<br><a href="https://www.hivcare.org/">https://www.hivcare.org/</a> | <b>Borinquen Health Care Center</b><br>3601 Federal Highway<br>Miami, FL 33137<br>305-576-6611<br><a href="http://www.borinquenhealth.org">www.borinquenhealth.org</a>               |
| <b>Care Resource</b><br>3510 Biscayne Boulevard 3rd Floor<br>Miami, FL 33137<br>305-576-1234<br><a href="http://www.careresource.org">www.careresource.org</a>                                          | <b>Camillus House Health Concern Clinic</b><br>336 NW 5th St.<br>Miami, FL 33128<br>305-577-4840 x106<br>TTY: 305-400-6246<br><a href="http://www.camillus.org">www.camillus.org</a> |
| <b>Citrus Health Network</b><br>4125 W. 20 <sup>th</sup> Ave.<br>Hialeah, FL 33012<br>305-558-0151<br><a href="http://www.citrushealth.org">www.citrushealth.org</a>                                    | <b>Community Health of South Florida, Inc.</b><br>10300 SW 216 St.<br>Miami, FL 33190<br>305-254-4912<br><a href="http://www.chisouthfl.org">www.chisouthfl.org</a>                  |
| <b>Empower U</b><br>7900 NW 27th Ave, Suite E-12.<br>Miami, FL 33147<br>786-318-2337<br><a href="https://www.euchc.org/">https://www.euchc.org/</a>                                                     | <b>Jessie Trice Community Health Center</b><br>5361 NW 22nd Ave.<br>Miami, FL 33142<br>305-637-6400<br><a href="https://www.jtchs.org/">https://www.jtchs.org/</a>                   |
| <b>Miami Beach Community Health Center</b><br>710 Alton Road<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-538-8835<br><a href="https://mymbchc.org/">https://mymbchc.org/</a>                                        | <b>North Dade Health Center</b><br>16555 NW 25th Avenue<br>Miami, FL 33054<br>786-466-1500                                                                                           |

|                                                                                                                                                                                                                                                                                                            |                                                                                                                                           |
|------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
|                                                                                                                                                                                                                                                                                                            | <a href="https://jacksonhealth.org/locations/north-dade-health-center/">https://jacksonhealth.org/locations/north-dade-health-center/</a> |
| <b>Prevention, Education &amp; Treatment (P.E.T.) Center</b><br>615 Collins Avenue<br>Miami Beach, FL 33139<br>305-535-5540<br><a href="https://jacksonhealth.org/locations/prevention-education-treatment-pet-center/">https://jacksonhealth.org/locations/prevention-education-treatment-pet-center/</a> |                                                                                                                                           |

## LOJMAN

### Liy Èd pou Prevansyon kont Sanzabri:

Si w sanzabri oswa w bezwen èd pou lwaye nan Konte Miami-Dade, rele:

**877-994-HELP OSWA 877-994-4357**

Si w bezwen èd pou lwaye, peze opsyon #1.

Si w bezwen èd paske w sanzabri, peze opsyon #2.

Suiv lòt enstriksyon yo jan yo montre w la.

Yo kapab bay lojman ak lòt sèvis pou ede w sispann viv nan lari, pou anpeche w vin yon sanzabri epi amelyore lavi w.

Nou p ap aksepte okenn randevou nan Sant Èd pou Moun ki Sanzabri (HAC), Ame Disali, Miami Rescue Mission oswa Camillus House. Plasman an egzije pou jwenn yon rekòmandasyon pa mwayen Liy Èd pou Sanzabri a.

**Southernmost Homeless Assistance League, Inc. (SHAL)** ofri sèvis toupatou nan **Florida Keys**. Ou kapab kontakte Mobile Outreach Project yo a nan 305-292-2744. Pami sèvis yo bay yo, gen: manje ak ijyèn, èd pou kesyon lojman, asistans medikal, itilizasyon sibstans, sèvis ak fòmasyon pou travay, transpò, idantifikasyon ak kat sekirite sosyal, epi sèvis veteran.

Si w gen kesyon konsènan posiblite lojman yo, tanpri, pale ak jesyonè dosye a oswa lòt manm pèsònèl nan ajans kominotè ki ap fè w jwenn sèvis yo. Si w pa konekte avèk yon sant kominotè pou sante mantal, ale nan seksyon ki gen tit “Sant Kominotè pou Sante Mantal yo (CMHC)” ki nan manyèl sa a.

Mete sou sa, Thriving Mind South Florida te devlope yon **Repètwa Lòjman** ki gen lis pwogram lòjman yo pwopoze nan chak ajans kominotè. Tanpri, ale nan [www.thrivingmind.org/get-help/housing](http://www.thrivingmind.org/get-help/housing) pou gen aksè nan **Repètwa Lojman** an ki sou bò dwat la. Si w sanzabri oswa w bezwen èd pou kesyon lwaye, tanpri ale nan seksyon “Liy Èd pou Sanzabri” a ki nan manyèl sa a.

### Rechèch Èd pou Lavi Endepandan

Pou ede w chèche yon Etablisman Èd pou Lavi Endepandan, tanpri, ale sou <https://quality.healthfinder.fl.gov/>. Si w bezwen yon etablisman ki espesyalize nan Sante Mantal, tanpri, chèche akwonim LMHL la.

### Biwo Defansè Lojman nan Konte Miami-Dade

Biwo Defansè Lojman an (Office of Housing Advocacy, OHA) aji tankou yon sant enfòmasyon ak kowòdinasyon pou kesyon lojman bon mache ak dwa pwopriyete ak lokatè yo genyen, lè li konsantre sou èd

pou fanmi ak moun yo nan efò yo ap fè pou jwenn resous ki lye ak lojman. Liy asistans Defansè Lojman an, 786-469-4545, disponib lendi rive vandredi soti 8 a.m. pou rive 5 p.m. epi li fèmen nan jou wikenn yo ak jou ferye nan Konte a. Pou jwenn tout Deklarasyon Dwa Lokatè, Kit Zouti Lokatè a, oswa pou depoze yon plent konsènan lojman, ale sou <https://www.miamidade.gov/housingadvocacy/>.

### **Oxford House**

Oxford House se yon solisyon nan kesyon lojman pou moun ki ap chèche geri anba depandans dwòg ak alkòl. Nan fòm ki pi senp li an, yo dekri Oxford House kòm yon fwaye yo ap jere yon fason demokratik, ki kapab soutni tèt li epi ki san dwòg. Yon fason paralèl ak konsèp sa a, gen estrikti òganizasyonèl Oxford House, Inc. Tanpri, ale sou <https://www.oxfordhouse.org/> pou plis enfòmasyon.

Kantite rezidan ki genyen nan yon Mezon kapab varye soti sis (6) rive 15; gen mezon pou gason, mezon pou fi, ak mezon ki aksepte fi ki gen timoun.

### **Seksyon 8 epi Lojman Piblik**

Pou plis enfòmasyon sou Lojman Piblik ak pwogram Koupon Seksyon 8 la, tanpri, ale sou [https://www.miamidade.gov/global/housing/home\\_page](https://www.miamidade.gov/global/housing/home_page) (Miami-Dade) oswa <https://www.kwha.org/mcha> (Monroe).

## **ÈD POU MOUN KI VIKTIM TRAFIK MOUN**

Pou jwenn èd san pèdi tan pou rapòte yon ka sipèk nan kesyon trafik moun oswa pou jwenn enfòmasyon, kontakte Liy Dirèk National Human Trafficking lan nan 1-888-373-7888. Ou kapab kontakte Liy Dirèk la 24 èdtan pa jou, 7 jou pa semèn nan plis pase 200 lang. Tout apèl yo konfidansyèl epi se yon seri Avoka espesyalize nan konba kont Trafik Moun ki Trete yo an Dirèk. Tanpri, ale sou <https://humantraffickinghotline.org/en/contact#:~:text=For%20immediate%20assistance%2C%20call%20the,tained%20Anti%2DTrafficking%20Hotline%20Advocates.>

### **Camillus House Pwojè Phoenix**

Pwojè Phoenix Camillus House la pèmèt medam ki gen plis pase 18 lane ki viktim trafik moun yo jwenn retablisman.

Pwogram retablisman enpòtan sa a fèt pou medam Biwo Pwokirè Eta Miami-Dade la, Katherine Fernandez Rundle (SAO), Sekirite Enteryè, sèvis lapolis yo ak lòt founisè pou medam ki ranpli kritè antanke viktim eksplwatasyon seksyèl domestik epi komèsyal, travay ak lòt fòm trafik moun, idantifye epi rekòmande yo, nan objektif pou ede chak moun vin gen pwòp konfyans nan tèt yo, efikasite pèsònèl epi, pou fini, viv yon fason endepandan.

Pwogram sa a bay:

- Tretman rezidansyèl (pa obligatwa)
- Jesyon dosye
- Rekòmandasyon pou lojman ak travay
- Tretman pou pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans
- Swen medikal
- Rekòmandasyon pou sèvis medikal ak sikyatrik
- Konsèy endividyèl ak konsèy an gwoup epi sèvis sosyal/rekreyatif

Manm pèsònèl Camillus House yo bay sèvis yo 7 jou pa semèn, 24 èdtan pa jou nan yon anviwònman san danje epi ki sekirize. Yo asiye yon konseye ak yon jensyonè dosye pou chak rezidan, epi se moun sa yo ki responsab kowòdinasyon sèvis yo, pou devlope epi mete sou pye yon Plan Tretman Endividyèl.

Pou plis enfòmasyon epi/oswa antre nan Pwojè Phoenix, rele 786-631-2245, 7 jou pa semèn, 9 a.m. - 10 p.m.

### **Pwojè THRIVE UM/Jackson sou Kesyon Trafik Moun nan**

Nan lane 2015, University of Miami Miller School of Medicine (UMMSM) te kreye yon klinik medikal ki gen plizyè disiplin, ki rele THRIVE (Trafficking Healthcare Resources and Interdisciplinary Victim Services and Education), nan objektif pou reponn bezwen moun ki viktim trafik moun yo genyen nan kesyon swen sante. Klinik la te kòmanse antanke yon pwojè pilòt apre fakilte a te kòmanse resevwa yon seri demann nan men fòs delòd yo, sèvis lojman yo ak lòt ajans nan kominote a, pou egzamine kèk viktim ki te bezwen swen medikal.

### **Sèvis**

Klinik THRIVE la pwopoze yon apwòch ki santre sou viktim nan, sèvis swen sante nan plizyè disiplin pou moun ki viktim trafik moun, grasa swen bon kalite, konplè, nan yon kad ki prive pandan yo pran twomatis yo an konsiderasyon. Prensipal sèvis nou bay yo, se:

- Sèvis Premye Swen
- Sèvis Jinekoloji
- Sèvis Sante Sikyatrik/Konpòtmantal
- Sèvis Swen Espesyalize ak Sèvis Oksilyè selon bezwen
- Kolaborasyon inik sa a ant UM/JMH la pèmèt yo ajoute yon seri amenajman espesyal, takou:
  - Ogmantasyon mezi konfidansyalite yo
  - Diminye tan datant lan epi akselere anrejistremant pasyan yo
  - Yon ekip swen sante ki fòme epi ki sansib pou twomatis
  - Yon seri pwosedi admisyon ki adapte ak pasyan yo epi ki diminye risk pou pasyan yo gen twomatis ankò pandan yo ap rakonte pase yo antanke viktim trafik moun.

Pou plis enfòmasyon oswa pou fè rekòmandasyon pou Klinik THRIVE nou an, kontakte 305-243-1046 oswa HYPERLINK "mailto:THRIVE@miami.edu" [THRIVE@miami.edu](mailto:THRIVE@miami.edu)

## **MEDICAID AK MEDICARE**

Demann pou Medicaid yo fèt pa mwayen Depatman pou Timoun ak Fanmi an. Rele nimewo gratis la, 866-762-2237, oswa ale sou [www.myflorida.com/accessflorida/](http://www.myflorida.com/accessflorida/). Yon moun ki demenaje soti nan yon lòt Eta, ki te gen Medicaid nan eta anvan an, dwe fè demann Medicaid nan Florida.

Benefisyè Medicaid ki kalifye epi ki vin enskri nan Pwogram Asistans Medikal Kontwole a (MMA) Pwogram yo ap resevwa tout sèvis swen sante (lòt pase swen alontèm) ki soti nan yon plan swen jere. Rele 877-711-3662 pou pale ak yon konseye ou chwazi oswa ale sou [www.flmedicaidmanagedcare.com](http://www.flmedicaidmanagedcare.com). Si w gen kesyon konsènan Medicare, rele nimewo gratis la, 800-633-4227, oswa ale sou [www.Medicare.gov](http://www.Medicare.gov).

### **Senior Medicare Patrol (SMP)**

Yo te devlope Senior Medicare Patrol (SMP) pou pèmèt granmoun yo fè prevansyon kont fwod nan kesyon swen sante. Yo defini yon granmou kòm yon moun ki gen 65 lane oswa plis. Gen fwod lè yon moun chwazi twonpe oswa fè fo deklarasyon, aktout li konnen se manti, sa ki kapab lakoz yon pèman ki pa otorize pou yon

seri avantaj. Epitou, kapab gen fwod lè yon moun mal itilize sistèm nan grasa yon seri pratik medikal oswa komèsyal ki pa akseptab oswa ki pa estanda, tankou preskripsyon egzamen medikal ki pa itil.

SMP se yon gwoup benevòl ki jwenn bonjan fòmasyon ki ap ede benefisyè Medicare yo evite, detekte, epi fè prevansyon kont fwod nan domèn swen sante. Benevòl SMP yo aprann benefisyè Medicare yo kijan pou yo pwoteje enfòmasyon pèsonèl yo, idantifye epi rapòte erè ki gen nan relve swen sante yo, pou yo rekonèt magouy yo epi rapòte fwod ak abi yo bay otorite ki apwopriye yo.

Si w sispèk gen fwod, tanpri rele:  
**877-808-2468**

### **SHINE (Serving Health Insurance Needs of Elders)**

Se yon pwogram gratis Depatman Afè Moun Aje ak Alyans pou Moun Aje nan Florida a ofri. Yon seri benevòl ki jwenn fòmasyon espesyal nan konte Miami-Dade ak Monroe kapab ede w pou kesyon Medicare, Medicaid ak asirans sante w yo grasa yon seri enfòmasyon ak konsèy pèsonalize. Sèvis SHINE yo gratis, san patipri, epi konfidansyèl. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a, tanpri, kontakte Alyans pou Moun Aje a:  
Anglè: 305-6706500, ekstansyon 11256 | Espanyòl: 305-6706500, ekstansyon 11276

### **OMBUDSMAN**

Yon medyatè se yon benevòl ki resevwa fòmasyon espesyal epi sètifye, ki resevwa otorite sou baz lwa federal ak lwa Eta a pou idantifye, mennen ankèt epi rezoud plent rezidan etablisman swen alontèm yo depoze, oswa plent yo depoze nan non yo. Medyatè yo reponn plent ak enkyetid rezidan yo, kit se pou pwoblèm ki gen rapò ak bay medikaman epi bay swen, kit se pou pwoblèm konsènan diyete ak respè. Se wòl medyatè a pou pwoteje dwa legal rezidan yo epi pou ba yo asirans yo ap resevwa tretman ak bonjan kalite swen ki apwopriye. Tout ankèt yo konfidansyèl epi yo gratis. Nimewo Telefòn: 888-831-0404 (liy-gratis)

### **ÒGANIZASYON PATNÈ YO AP JERE**

#### **Fresh Start Miami Dade (ACE)**

Se yon seri kòlèg ak moun yo ap sèvi, ki ap dirije Alyans pou Chanjman ak Otonomizasyon an (Alliance for Change and Empowerment, ACE), yo pataje menm anvi a pou fè yon diferans nan domèn sante mantal ak/oswa gerizon pou itilizasyon sibstans. Reyinyon ACE yo fèt chak katriyèm madi nan yon mwa apati 10am-12pm nan 401 NW 2<sup>nd</sup> Ave., Suite N423, Miami, FL, 33128 epi pa mwayen Zoom. Nan chak reyinyon, gen anpil moun yo ap sèvi, espesyalis Parèy nou ak yon seri entèvenan nan kominote sante mantal ak itilizasyon sibstans lan, ki reyini pou pale sou kesyon defans, edikasyon, fòmasyon, ak sipò kòlèg yo kapab bay.

Yo te kreye Alliance for Change and Empowerment lan pou ankouraje retablisman, lidèchip ak fòmasyon pou defans dwa moun yo. ACE bay fòmasyon epi li ranfòse kapasite granmoun ki gen pwoblèm sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans yo. Pou evènman ak resous ki lye avèk li yo, tanpri, ale sou:

[www.freshstartmiami.org/ace](http://www.freshstartmiami.org/ace). Epitou, ou kapab kontakte Kowodonatè Rezo ACE a nan Fresh Start Miami-Dade, Inc. nan 305-623-9937. Depatman Timoun ak Fanmi an ansanm ak Thriving Mind South Florida ap patisipe nan Alyans lan yon fason aktif, epi yo ankouraje lidèchip, aktivite ak ide endividyèl nan mitan tout ajans nou yo.

## National Alliance on Mental Illness (NAMI)

NAMI Miami-Dade la fè pati Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal la. NAMI se yon seri zanmi, fanmi ak moun ki gen maladi mantal ki ofri enfòmasyon, sipò, defans ak resous youn pou lòt. Li ofri gwoup sipò gratis pou moun parèy yo ak manm fanmi yo, ansanm ak pwogram fòmasyon sou sante mantal.

Misyon NAMI se:

- Edike, rekonfòte, epi soutni fanmi yo
- Pou koumanse epi soutni edikasyon piblik la pou elimine sikatris maladi mantal kite yo
- Pou kolabore ak lòt òganizasyon nan reyalyasyon objektif sa yo

Pou jwenn enfòmasyon an Anglè, rele: 305-665-2540. Pou jwenn enfòmasyon an Espanyòl, rele: 786-308-9680.

[www.namimiami.org](http://www.namimiami.org)

## Miami Recovery Project

Miami Recovery Project (MRP) se Òganizasyon Retablisman Kominotè (RCO) lokal nan kominote nou an. Misyon MRP se soutni retablisman an sou tout fòm li epi ogmante kapital retablisman an nan kominote retablisman an. MRP pwopoze sipò, defans, fòmasyon lòt moun bay, ak yon seri reyinyon sipò. Vizyon li se pou gen yon kominote kote chak moun gen yon opòtinite egal pou yo retabli anba itilizasyon alkòl ak sibstans. Yon jou, tout moun ap sispann lage vèni sou retablisman epi yo ap konprann li. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou <https://www.mrprco.org/> oswa rele 305-967-8509.

## New Horizons – The Living Room

The Living Room @ New Horizons louvri 24 sou 24, 7 jou sou 7, epi li ofri yon anviwònman akeyan, san tretman medikal, kote granmoun (18 an oswa plis) ki ap viv yon detès emosyonèl oswa yon kriz kapab jwenn sipò ak moun parèy yo. Li sèvi kòm yon altènativ ki bay sipò olye pou moun ale nan ijans lopital oswa pou lapolis entèveni, epi li ofri swen atravè Espesyalis Sipò Rekiperasyon Parèy, Klinikyen Kalifye nan Sante Mantal, ak Enfimyè Sikyatrik Ki Anrejistre.

Pou plis enfòmasyon, tanpri rele 305-539-0325.

## Rezo Byennèt South Florida – Sant Kominotè Rekiperasyon nan Miami

Sant Kominotè Rekiperasyon an (The Recovery Community Center, RCC Miami-Dade), ke Rezo Byennèt South Florida ap dirije, bay sipò pou rekiperasyon parèy yo dirije pou moun ak fanmi ki afekte ak sante mantal, mental health, konsomasyon sibstans, ak twoma. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou [www.sfwnc.org](http://www.sfwnc.org) oswa rele 305-239-8655.

## Sant Dakèy Rekiperasyon New Hope

Sant Dakèy Rekiperasyon an ofri yon espas ki fasil pou aksede epi ki sekirize kote moun ka pase jounen an (9 a.m. pou rive 3 p.m.), patisipe nan aktivite, fè gwoup, ak entèraksyon sosyal pou amelyore pwosesis rekiperasyon yo. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele nan 786-243-1003, Ekstansyon 300.

## Sant Rekiperasyon Inite New Hope

Sant Rekiperasyon Inite a konsantre sou ogmante kapital rekiperasyon moun yo atravè sèvis youn ak youn ak parèy, gwoup, koneksyon ak kominote a, ak lyen ak sèvis ki nesè yo (trete nan rezidans, tretman ekstèn, sèvis tretman ak medikaman (MAT), ak sèvis pou moun san kay). Pou plis enfòmasyon, tanpri rele nan 786-243-1003, Ekstansyon 300.

## ESPESYALIS PARÈY YO

Thriving Mind South Florida ankouraje ajans yo anboche yon seri Kòlèg Espesyalis nan kad pwogram tretman ak retablisman yo. Kòlèg Espesyalis yo se moun ki te fè pwòp pwogrè yo nan retablisman anba sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans, epi ki dispoze idantifye tèt yo antanke yon kòlèg epi ki ap travay pou ede lòt moun ki gen pwoblèm sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans. Akoz eksperyans yo te fè nan lavi a, moun sa yo vin posede yon eksperyans fòmasyon pwofesyonèl yo pa kapab repwodui.

Kòlèg Espesyalis yo kapab fè anpil travay, tankou ede w fikse objektif pou retablisman, aprann epi pratike nouvo konpetans, fè modèl yon seri teknik adaptasyon efikas ki baze sou pwòp eksperyans retablisman kòlèg espesyalis la epi soutni w nan defann tèt ou pou jwenn sèvis ki efikas yo..

Certified Recovery Peer Specialists yo se yon seri Kòlèg Espesyalis ki sètifye pa mwayen Komisyon Sètifikasyon Florida a. Tanpri, ale sou sit entènèt: [www.floridacertificationboard.org](http://www.floridacertificationboard.org) pou plis enfòmasyon. Kòlèg Espesyalis, ajans ki ap bay sèvis pou sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans anboche yo, dwe travay pou jwenn sètifikasyon yo. Tanpri, santi w alèz pou kontakte Liy Èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111 pou sipò, fòmasyon, ak enfòmasyon.

## DWA MOUN YO AP SÈVI YO

Dwa w genyen antanke yon konsomatè pandan w ap resevwa tretman nan yon etablisman, pwoteje dapre lwa Florida yo. Lè w mande oswa resevwa sèvis, ajans ou an dwe ba w enfòmasyon alekri konsènan dwa w genyen yo. Ou gen dwa pou:

1. Yo trete w ak jantiyès epi respè.
2. Yo ba w sèvis selon bezwen endividyèl ou epi kèlkeswa kapasite w genyen pou peye. Patisipe nan devlope plan retablisman w lan kote yo ap pèsonalize sèvis medikal, vokasyonèl, sosyal, edikatif ak reyabilitasyon pou konble bezwen w genyen yo.
3. Siyen dokiman ki montre ou konprann sèvis yo te esplikè w yo, epi ou kapab deside pou w pa kontinye resevwa sèvis yo nenpòt lè sof si yon tribinal egzijè pou w resevwa tretman nan yon etablisman oswa si yo entène w lopital san w pa vle.
4. Viv nan yon anviwònman san danje epi ki akseptab.
5. Pote plent konsènan itilizasyon restriksyon, izòlman, òdonans pou tretman an ijans, teknik jesyon fizik ansanm ak nivo siveyans ki depase limit.
6. Kominike san pwoblèm epi an prive ak moun, si w nan yon etablisman, kit se ou menm ki chwazi vini nan etablisman oswa se pa ou. Ou gen dwa pou kominike nan telefòn, kourye lapòs, oswa gen vizit. Ou gen dwa pou rele Abuse Registry a nan 800-962-2873 (800-96-ABUSE) oswa avoka w. Si yo ap limite kominikasyon w yo, yo dwe voye notifikasyon alekri pou ou.
7. Kenbe rad ak zafè pèsonèl ou yo pwòp sof si yo retire yo pou rezon sekirite oswa medikal. Si yo retire zafè pèsonèl ou yo nan men w, yo dwe fè yon envantè devan yon temwen.
8. Enskri epi vote nan nenpòt eleksyon depi ou kalifye pou vote ladan li.
9. Mande tribinal la egzamine kòz ak legalite detansyon ou an oswa refize yon dwa oswa yon privilèj legal yon fason ki enjis, oswa yon pwosedi ki otorize, si yo te entène w san w pa vle.
10. Patisipe nan planifikasyon tretman ak/oswa retablisman w epi egzeyat ou. Epitou, gen garanti pou w jwenn opòtinite pou chèche sèvis nan men pwofesyonèl oswa ajans ou vle a apre w fin pran egzeyat.
11. Chwazi yon reprezantan ki ap fè w konnen si yo entène w san w pa vle. Reprezantan oswa defansè w la ap fè w konnen tout pwosedi yo ansanm ak restriksyon ki gen sou dwa w yo. Li ap resevwa yon kopi

nan envantè yo fè pou zafè pèsònèl ou yo, li ap gen aksè avèk ou san pèdi tan, epi y ap gen otorizasyon pou depoze dokiman jiridik yo nan non w. Sepandan, reprezantan sa a pa kapab pran okenn desizyon sou tretman, pa kapab gen aksè ak dosye klinik ou, oswa pibliye li san konsantman w, epi li pa kapab mande transfere w nan lòt etablisman.

12. Konfidansyalite, ki ba w garanti tout enfòmasyon ki gen rapò avèk ou nan yon etablisman pou sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans ap rete konfidansyèl epi yo ap pibliye yo sèlman si w bay konsantman. Sepandan, yo kapab pibliye kèk enfòmasyon bay avoka w la, nan repons pou yon òdonans tribinal, apre yon menas pou blese lòt moun oswa nan lòt sikonstans ki limite anpil. Epitou, ou gen dwa pou gen aksè nan dosye klinik ou yo.
13. Bonjan swen sante ki apwopriye, ki konfòm avèk prensip ki etabli nan kominote a.
14. Yon opòtinite pou fè egzèsis regilyèman pandan plizyè fwa nan yon semèn epi pou sòti deyò souvan, eksepte nan ka kote yo anonse move tan.

## KOU SÈVIS

Si w pa gen lajan oswa asirans sante, yo ap toujou ba w sèvis sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans lan. Sant sante mantal kominotè ki resevwa fon nan men Eta a, bay tretman ak sèvis selon sa w kapab peye. Se sa ki rele yon echèl mobil oswa yon tarif ki ap diminye. Chak moun gen responsabilite pou peye kèk depans pou swen yo resevwa a, men, si w pa gen anpil lajan oswa w pa gen lajan ditou, yo ap toujou ba w sèvis sa yo.

Mete sou sa, Sant Sante ki Kalifye nan Nivo Federal (FQHC) nou site nan paj 22-23 yo bay swen medikal kèlkeswa kapasite yon moun genyen pou li peye. Tanpri, rele Liy Èd la nan 888-248-3111 si w gen kesyon ak/oswa enkyetid.

## SÈVIS REYENTTEGRASYON

### Ekip Sèvis Reyentegrasyon Milti-Disiplinè (MRST)

Pwogram sa a fèt pou moun ki sot nan prizon yo te fè dyagnostik ki montre yo gen gwo pwoblèm sante mantal pandan yo te nan prizon. Toudabò, sèvis sa yo se yon pwogram sante mantal epi yo fè yon evalyasyon sikyatrik, bay sèvis jesyon medikaman ak jesyon dosye gratis ansanm ak lòt èd ki lye ak reyentegrasyon, epi yo mete moun yo an kontak avèk kèk sèvis tankou terapi, reyadaptasyon siko-sosyal, clubhouse oswa lòt sipò pou travay, èd pou aplike pou jwenn avantaj tankou Sekirite Sosyal pou Andikap, SNAP (koupon pou manje/EBT), èd pou transpò, rad, epi mete yo an kontak avèk resous pou lojman yo. Yo bay sèvis yo nan kominote a. Pou konn si w kalifye, ou kapab kontakte Responsab Ekip pwogram MRST a.

Fellowship House  
5711 S. Dixie Hwy.  
South Miami, FL 33143  
305-667-1036

### South Florida Reentry Resource Guide

<https://www.pdmiami.com/resources-pd/documents/reentry-resource-guide.pdf>

### Evolving Lives, Inc.

Evolving Lives, Inc se yon founisè ki sètifye pou Depatman Edikasyon Florida, Divizyon Reyadaptasyon Pwofesyonèl. Nou investi nan devlopman potansyèl moun yo.

### *Sèvis Èd nan Travay*

Evolving Lives espesyalize li nan ede konpayi yo jwenn anplwaye kalifye ki nesèsè pou yo reyisi. Nou chèche, etidye epi anboche yon seri anplwaye ki koresponn ak bezwen kliyan nou yo, epi nou ede moun ki ap chèche travay yo jwenn sa ki pi byen koresponn ak konpetans yo. Gras ak travay ki vin kreye yo, nou espesyalize nou nan chèche jwenn yon objektif pou moun ki gen andikap yo grasa travay ki gen sans.

*Evolving Lives pwopoze Terapi Endividyèl, an Gwoup, Familyal epi pou Maryaj.* Gras ak Siko-Edikasyon epi Terapi Koyitif Konpòtmantal, nou kapab kòmanse jere move atitid ak move konpòtman yo ak konpasyon. Pami divès manm pèsònèl nou yo, gen pwofesyonèl ki gen lisans nan plizyè disiplin, tankou sikològ klinik, BCBA pou pwoblèm konpòtmantal, LCS.W., LMHC ak ARNP, yo tout ap patisipe nan kreye terapi ki santre sou solisyon akoutèm yon fason pou amelyore kominikasyon ak fonksyonman sante jeneral moun yo.

123 N. Krome Ave.

Homestead, FL 33030

<https://www.evolvinglives.org/>

[FEnriquez@evolvinglives.org](mailto:FEnriquez@evolvinglives.org)

305-310-9005

### **Fruits of Charity Inc.**

Li bay sèvis jesyon dosye, sèvis sipò, sèvis edikasyon kominotè ak defans. Fruits of Charity te bay yon seri jèn ak granmoun ki gen limit ansanm ak antedan ki varye, sèvis alfabetizasyon, fòmasyon pou jwenn epi plase travay. Nou bay veteran ki mande èd yo resous epi nou mete kominote a okouran konsènan vyolans domestik ak enpak li genyen.

- *Sèvis Reyadaptasyon Pwofesyonèl*
- *Sèvis Mantò- Ladan li gen pwogram S.T.A.N.D. Up nou an pou sitwayen ki retounen nan peyi a ansanm ak pwogram Emansipasyon Medam yo pou medam ki gen risk yo.*
- *Pwogram Alfabetizasyon*
- *Sèvis pou Veteran*

### **“Yon Espas pou Moun Rete”**

Anviwònman Lavi Endepandan ki san alkòl ak dwòg. Kouvrefe obligatwa.

[fruitsofcharityinc@gmail.com](mailto:fruitsofcharityinc@gmail.com)

305-771-1452

### **His Hands His Love**

Bay èd pou achte mèb ak atik menajè pou moun ki nan bezwen yo. Bay repa nan asyèt pou moun ki nan bezwen yo. Kapab gen lòt sipò ki disponib.

<https://hishandhislove.org/>

305-HIS-HAND/305-447-4263

### **PAPERS: People Advocacy Prevention Employment Re-entry Services**

Sèvis PAPERS yo Bay:

- Eskane dwèt an dirèk w/ yon verifikasyon antesedan Nivo 2
- Reprezantan Asistan Lojman SOARS Sou Plas
- Dezyèm Chans pou Plasman Travay
- Dokiman sipò yo
- Badj Idantifikasyon sou mezi
- Referans yo
- Sansibilizasyon Kominotè
- èvis Mobil epi Apre Lè Travay

#### HYPERLINK

"<http://www.yourpapers.net/>" [www.YourPapers.net](http://www.YourPapers.net)

22125 S. Dixie Hwy.

Goulds, FL 33170

786-424-2678

[info@yourpapers.net](mailto:info@yourpapers.net)

### AVANTAJ SEKIRITE SOSYAL POU MOUN KI GEN ANDIKAP

Premye etap nan pwosesis aplikasyon pou Sekirite Sosyal la se detèmine si w kalifye pou aplike pou jwenn Avantaj Sekirite Sosyal pou Moun ki Gen Andikap sou baz kritè kalifikasyon yo ak definisyon estrik sou andikap la grisa Administrasyon Sekirite Sosyal la. Tanpri, ale sou sit entènèt [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov) pou plis enfòmasyon.

Pou w kalifye pou SSI/SSDI (Revni Sekirite Siplemanntè/Revni Sekirite Sosyal pou Andikap):

- Ou dwe ap soufri akòz yon maladi pèmanan ki anpeche w al travay
- Andikap ou a dwe dire, oswa ou dwe atann pou li dire yon minimòm 12 mwa
- Ou dwe pa kapab genyen plis pase montan Aktivite Rantab Sibstansyèl la (SGA) chak ane (gade [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov) pou montan aktyèl la).

Pwosesis aplikasyon SSI/SSDI a kapab boulvèsan, donk, li vrèman itil pou w gen yon Jesyonè Dosye pou ede w nan pwosesis la. Gen anpil jesyonè dosye nan Konte Miami-Dade ak Monroe ki te jwenn fòmasyon nan Inisyativ SOAR la (SSI/SSDI Outreach, Access, and Recovery). Li enpòtan pou w fè jesyonè dosye w la konn sa paske li ap ede fè pwosesis demann ou an pi vit.

Ou se yon kandida SOAR si w:

- Pa gen okenn antesedan apwobasyon pou avantaj
- Gen avantaj pou andikap ki sispann pandan plis pase yon (1) lane
- Gen yon demann yo refize akòz manke prèv medikal

Li enpòtan pou Jesyonè Dosye w la jwenn dosye medikal ou epi transmèt yo bay Administrasyon Sekirite Sosyal la. Ou ap bezwen siyen plizyè otorizasyon pou Jesyonè Dosye a fè sa. Plis ou kapab sonje enfòmasyon yo epi pou w bay Jesyonè Dosye w la enfòmasyon sa yo pou mete nan dokiman, se plis ou ap reyisi nan pwosesis SSI/SSDI ou a.

### TRETMAN POU PWOBLÈM KI LYE AK ITILIZASYON SIBSTANS

Gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans lè fason yon moun itilize alkòl ak/oswa dwòg lakoz yon gwo defisyans klinik epi fonksyonèl, tankou pwoblèm sante, andikap, ak enkapasite pou ranpli pi gwo responsabilite yo nan travay, lekòl, oswa lakay ou. Thriving Mind ap travay pou asire yo moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans nan Konte Miami-Dade ak Monroe yo kapab gen aksè nan sèvis efikas epi konpatisan ki mennen nan gerizon. Thriving Mind pase kontra avèk plizyè founisè ki ofri sèvis dezentoksikasyon, sèvis rezidansyèl pou pasyan ki entèn ak sèvis pou pasyan ki pa entèn. Premye etap pou jwenn sèvis sa yo se pou youn nan founisè nou yo oswa Akèy Santral la evalye w. Tanpri, gade paj 42-46 yo oswa yon lis founisè Thriving Mind finanse.

**POU W JWENN YON EVALYASYON POU  
TRETMAN POU PWOBLÈM KI LYE AK ITILIZASYON SIBSTANS  
TRET PWOBLÈM KI LYE AK ITILIZASYON SIBSTANS POU GRANMOUN, TANPRI, RELE AKÈY  
SANTRAL LA NAN:  
305-694-4880**

Yonfwa yo fin fè evalyasyon an epi yo atribiye yon nivo swen, yo mete moun yo sou yon lis datant pou jwenn yon kabann nan yon etablisman kote yo entèn moun. Yon moun oswa yon responsab swen dwe rele Thriving Mind chak jou pou siveye pwogrè yo a sou lis datant lan.

**POU LIY DIRÈK TRETMAN POU PWOBLÈM KI LYE AK ITILIZASYON SIBSTANS  
TANPRI RELE THRIVINIG MIND SOUTH FLORIDA NAN:  
866-833-7477**

**Marchman Act**

Marchman Act – Petisyon ak Afidavit pou Mande Evalyasyon ak Estabilizasyon Envolontè pou Itilizasyon Sibstans

Yo kapab depoze Petisyon pou Evalyasyon Envolontè Marchman Act la, lè gen yon bon rezon pou kwè yon moun ap souffri akòz yon pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans, avèk oswa san yon pwoblèm sante mantal ko-okiran, epi akòz andikap la, li te pèdi kapasite pou li kontwole tèt li nan sa ki gen rapò ak itilizasyon sibstans.

Yo kapab depoze yon Petisyon *Ex Parte* pou Evalyasyon ak Estabilite Envolontè:

Lè gen yon bon rezon pou kwè yon moun ap souffri akòz yon pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans (avèk oswa san yon pwoblèm sante mantal ko-okiran), epi akòz andikap oswa pwoblèm nan, li te pèdi kapasite pou li kontwole tèt li nan sa ki gen rapò ak itilizasyon sibstans. AK

1. Yon moun bezwen sèvis pou pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans, epi akòz andikap ki lye ak itilizasyon sibstans lan, moun nan vin tèlman pèdi jijman li opwen moun nan pa kapab rann li kont jan sèvis ki lye ak itilizasyon sibstans yo nesèsè, epi li pa kapab pran yon desizyon rasyonèl anrapò ak sèvis pou pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans yo. OSWA
2. Si moun nan pa jwenn swen oswa tretman, moun nan kapab souffri akòz neglijan oswa li kapab refize pran swen tèt li poukont li; epi, neglijan oswa refi sa a kapab vin tounen yon menas grav pou li fè tèt li mal; epi sanble li kapab evite blesi sa a grasa èd fanmi oswa zanmi yo, oswa gen yon gwo posibilite pou moun nan te fè tèt li mal, eseye oswa menase pou fè tèt li mal, oswa si li pa entèn, li kapab fè tèt li oswa lòt moun mal.

Men ki moun sèlman ki kapab depoze petisyon an:

Mari/madanm oswa responsab swen moun nan, nenpòt paran moun nan, direktè yon sèvis founisè ki gen lisans, yon pratisyen prive, oswa nenpòt granmoun ki te gen yon konesans pèsonèl dirèk konsènan pwoblèm itilizasyon sibstans moun nan. Nan ka yon minè, se sèlman paran yo, responsab/gad legal la oswa founisè sèvis ki gen lisans lan ki kapab depoze yon petisyon.

**Kilè ak ki kote pou depoze yon Petisyon pou Evalyasyon ak Estabilizasyon Envolontè oswa Petisyon pou Envolontè**

Tretman: Ou kapab depoze yon Petisyon pou Evalyasyon ak Estabilizasyon Envolontè nan biwo Grefye Tribinal la lendi rive vandredi soti 8 a.m. to 5 p.m. Pou plis enfòmasyon sou Marchman Act la, ale sou <https://www.jud11.flcourts.org/Marchman-Act>

Pa gen frè depo ki obligatwa pou depoze yon Petisyon pou Evalyasyon ak Estabilizasyon Envolontè. Si moun ki fè petisyon an pa prezante nan odyans lan, sa ap lakoz yo rejte petisyon an.

### IDEA Exchange

IDEA Exchange Miami pwopoze yon pakèt sèvis prevansyon sou sit prensipal li a epi sou inite mobil li as mobile, tankou Tès Depistaj anonim pou VIH ak Epatit C, kit enjeksyon sekirize, swen debaz pou maleng, kapòt, prevansyon kont ovèdoz, epi rekòmandasyon pou sèvis reyadaptasyon ak tretman. Tanpri, ale sou <https://med.miami.edu/departments/medicine> pou plis enfòmasyon.

### Ijans nan Ka Entoksikasyon

Li enpòtan pou w sonje selon Emergency Medical Treatment and Labor Act la (EMTALA), yo pa kapab refize yon moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans nan yon lopital, pandan moun nan entoksike yon fason ki grav. Ijans sa yo mande pou sèvis dijans lopital la trete yo antanke ijans medikal. Pou yon plasman nan dezentoksikasyon, fòs delòd yo oswa manm pèsonèl ijans yo dwe rele etablisman an alavans pou asire yo gen yon kabann ki disponib.

### Distribisyon Naloxone

Ovèdoz medikaman se yon epidemi nasyonal, epi gen yon kantite rezidan Florida ki pa sispann ogmante, ki pèdi lavi yo akòz yon ovèdoz - ou kapab sove yon vi avèk naloxone. Naloxone se yon medikaman ki pèmèt ou envèse ovèdoz yo epi sove lavi moun. [Ale sou https://isavefl.com/](https://isavefl.com/) pou jwenn ajan ak sant sante konpòtmantal ki distribye Naloxone gratis nan kominote a.

### Never Use Alone

Never Use Alone Inc. pwopoze sèvis pou redui risk ki lye ak itilizasyon sibstans, edikasyon, sansibilizasyon, fòmasyon, ak sèvis sipò dirèk pou moun ki itilize sibstans yo, moun ki ap pran swen yo, epi defansè yo. Objektif yo se fini ak kesyon moun ki ap mouri akòz aksidan ovèdoz yo ansanm ak ijans ki lye ak opyoyid yo.

Never Use Alone gen yon liy dirèk kote moun ki gen yon pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans yo kapab rele lè yo ap itilize sibstans. Si moun nan vin pa kapab reyaji, moun ki sou liy lan ap rele 911 pou li jwenn èd nan ka ovèdoz. Pou plis enfòmasyon, ale sou [www.neverusealone.com](http://www.neverusealone.com) oswa rele 800-484-3731.

Epitou, moun yo kapab rele **Mady's line**, ki se yon liy dirèk pou moun rele lè yo ap goumen ak pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans, epi ki annik bezwen pale avèk yon moun ki te gen menm pwoblèm nan epi ki konprann yo. Tout operatè yo te fè yon eksperyans avèk SUD epi yo kapab konprann. Yo PA terapet oswa sikològ ki gen lisans, epi yo pa afilye avèk okenn sant tretman. Yo p ap janm eseye pouse w suiv yon tretman. Se yon liy dirèk kote ou ap jwenn yon moun pou koute w. **Rele 800-943-0540 pou plis èd.**

### Gwoup Sipò

#### **Pitit Granmoun ki Alkolik (Adult Children of Alcoholics) ak Fanmi ki Pa Byen Fonksyone**

Adult Children of Alcoholics (ACA)/Fanmi ki Pa Byen Fonksyone se yon pwogram an Douz (12) Etap, Douz (12) Tradisyon pou moun ki te grandi nan kay ki pa byen fonksyone yo. Yo reyini pou pataje eksperyans yo te fè pandan yo ap grandi nan yon anviwònman kote maltretans, neglijan ak twomatis te yon reyalite.

<https://adultchildren.org/meeting-search/>

**Al-Anon** se pou zanmi ak fanmi moun ki gen pwoblèm alkòl yo.

305-663-1432

[www.alanonsofla.org](http://www.alanonsofla.org)

#### **Alcoholics Anonymous**

Alcoholics Anonymous (Alkolik Anonim) se yon gwoup gason ak fi ki pataje eksperyans yo, fòs ak espwa yo genyen youn ak lòt, yon fason pou rezoud pwoblèm yo tout genyen an epi pou ede lòt moun retabli anba alkòl.

305-461-2425

[www.aamiamidade.org](http://www.aamiamidade.org)

Rele 305-296-8654 pou jwenn gwoup nan Konte Monroe

[www.aafloridakeys.org](http://www.aafloridakeys.org)

#### **Ko-Depandans Anonim (Co-Dependence Anonymous, CODA)**

CODA se yon pwogram pou retablisman anba ko-depandans, kote nou chak kapab pataje eksperyans nou, fòs nou, ak espwa nou, nan efò nou ap fè pou nou jwenn libète kote te gen esklavaj, epi jwenn lapè kote te gen ajitasyon nan relasyon nou ak lòt moun epi ak tèt nou. <https://coda.org/>

#### **Retablisman Grasa Medikaman Anonim (Medication-Assisted Recovery Anonymous, MARA)**

Pafwa, gen anpil moun ki itilize syans ki baze sou prèv pou ede yo jwenn gerizon pi fasil, ki konn santi yo pa alèz nan lavi yo chak jou. Epitou, gen yon pakèt moun ki sou chemen gerizon an ki konn menm santi yo mal akeyi yo nan reyinyon retablisman tradisyonèl yo. Nan Medication-Assisted Recovery Anonymous (MARA), tout moun byenvini! <https://www.mara-international.org/>

#### **Miami Recovery Project**

MRP pwopoze yon pakèt gwoup sipò pandan tout semèn nan ansanm ak sipò endividyèl lòt moun parèy ou. Rele 305-967-8509 pou plis èd.

<https://www.mrprco.org/>

**Naranon** se pou zanmi ak manm fanmi moun ki gen pwoblèm ak nakotik.

<http://www.nar-anon.org/>

### **Narcotics Anonymous**

Nakotik Anonim (Narcotics Anonymous) se yon gwoup gason ak fi ki pataje eksperyans yo, fòs ak espwa yo genyen youn ak lòt, pou yo kapab rezoud pwoblèm yo tout genyen an epi pou ede lòt moun retabli anba depandans yo a.

305-265-9555

[www.namiami.org](http://www.namiami.org)

Rele 1-866-584-2411 pou jwenn gwoup nan Konte Monroe

### **SMART Recovery SMART**

SMART Recovery konsantre li sou yon seri reyinyon edikatif ak sipò pou moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans yo, yon fason pou yo kapab viv yon “Lavi ki Ale pi Lwen pase Depandans lan”.

[meeting locator](#)

## **SÈVIS TELEFÒN SAN FIL**

### **Sèvis Assurance Wireless**

Assurance Wireless se yon pwogram federal konsènan Lifeline, Virgin Mobile mete sou pye epi ki jwenn sipò fon federal Universal Service Fund lan. Tanpri, rele 888-321-5880 oswa ale sou [www.assurancewireless.com](http://www.assurancewireless.com) pou wè si w kalifye.

### **Sèvis Safelink Wireless**

SafeLink Wireless fè sèvis telefòn san fil la vin pi abòdab, lè li ofri moun ki kalifye yo sèvis Lifeline lan. Pwogram Lifeline lan disponib pou moun ki kalifye yo.

Ou kalifye pou sèvis Lifeline nan zòn ou an si w deja ap patisipe nan youn nan pwogram èd ki vin apre yo:

- Èd Federal pou Lojman Piblik (Seksyon 8)
- Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (SNAP) Koupon pou Achte Manje
- Revni Sekirite Sipleman tè (SSI)
- Medicaid
- Avantaj Pansyon pou Veteran ak Sivivan

Si w vle aplike nan Safelink Wireless, rele 800-Safelink (723-3546) oswa ale sou sit entènèt yo a nan [www.safelinkwireless.com](http://www.safelinkwireless.com).

## **TRANSPÒ**

### **Kat Bis**

Achte yon Kat Transpò anliy nan Magazen Transpò Piblik la oswa lè w telechaje aplikasyon GO Miami-Dade la sou telefòn pòtab ou. Epitou, Kat Transpò yo disponib nan nenpòt Estasyon Metrorail, Sant Sèvis Transpò Piblik yo ak Pwen kote yo Vann yo, oswa lè w rele EASY Card Financial Center. Gen rabè ki disponib pou anplwaye, veteran, sitwayen ki granmoun, benefisyè Medicare, elèv, ak pifò moun ki gen andikap nan Konte Miami-Dade. Pou plis enfòmasyon, tanpri ale sou <https://www.miamidade.gov/global/transportation/transit-pass.page>.

Sitwayen ki granmoun yo ansanm ak benefisyè Sekirite Sosyal yo kapab pran Transpò gratis grasa yon Paspò Annò EASY

Card. Demann yo dwe fèt an pèsòn nan yon Sant Sèvis Transpò Piblik, yon Sant Sèvis 311 oswa yon biwo NET Vil Miami. Lè w aplike, y ap fè foto w. Foto w ap parèt sou nouvo kat ou a. **Tanpri, ale sou <https://www.miamidade.gov/global/service.page?Mduid=service-ser1519934358967260> pou plis enfòmasyon.**

#### Ou dwe bay:

- Yon kat Idantite Florida ki valid
- Kat Sekirite Sosyal
- Yon dokiman enprime Administrasyon Sekirite Sosyal ki resan ki montre kalifikasyon w. Ou dwe bay prèv ki montre w toujou kalifye chak ane.
- Timoun ki kalifye yo dwe gen yon kat Idantifikasyon lekòl oswa Florida

Tout veteran ki jwenn liberasyon avèk onè ki se rezidan pèmanan nan Konte Miami-Dade epi ki gen revni \$29,454 oswa mwens chak ane, kalifye pou transpò gratis nan bis yo ansanm ak Metrorail yo grasa Paspò Patriyòt EASY Card la. Pou jwenn kat sa a, ou dwe aplike an pèsòn nan yon Sant Sèvis Transpò Piblik.

#### Ou dwe prezante:

- Yon kat Idantite Florida ki valid
- Prèv revni w
- Fòm DD214 oswa VA 1010 la kòm prèv yon liberasyon avèk onè
- Kat Sekirite Sosyal
- Yon lèt pou andikap ki lye ak sèvis la si w gen yon andikap

Si ou gen nenpòt kesyon, ou ka rele **786-469-5151** soti lendi pou rive vandredi, 8 a.m. pou 4:30 pm. Si w ap viv nan Florida Keys (Konte Monroe), ale sou [Monroe County Department of Transportation](#) pou jwenn enfòmasyon sou ekspozisyon bis yo ak itinerè yo. Pou lòt bezwen sèvis kliyantèl, kontakte DOT Keys la dirèkteman nan 305-809-3910.

#### Sèvis Transpò Espesyal (STS)

Nan Konte Miami-Dade ak Monroe, Sèvis Transpò Espesyal yo (STS) disponib pou moun ki gen yon andikap fizik, mantal oswa entèlektyèl, ki pa kapab pran bis, Metrorail, oswa Metro mover. Nenpòt rezidan ki gen yon andikap ki anpeche yo pran machin transpò piblik regilye kalifye pou STS. Epitou, rezidan ki gen andikap ki tanporè yo kapab kalifye pou sèvis sa a. Pou enskri nan Pwogram STS la, ou dwe ranpli fòm demann STS la nan

[https://www.miamidade.gov/transit/library/pdfs/misc/sts\\_application.pdf](https://www.miamidade.gov/transit/library/pdfs/misc/sts_application.pdf). Epitou, ou kapab rele Miami Dade Transit nan **786-469-5000** (1-800-955-8771 pou itilizatè TTY yo oswa moun ki gen pwoblèm pou tande yo) epi mande yo voye yon fòm enskripsyon nan kourye pou ou. STS ofri:

- Trajè ki pataje
- Deplasman pòt-an-pòt
- Machin ki aksesib
- 7 jou pa semèn, 24 èdtan pa jou, rele pou pwograme nan jou ferye yo
- Rele **786-469-5000** oswa **305-871-1111** pou fè rezèvasyon

STS disponib nan pifò pati Konte Miami-Dade la, nan kèk pati nan sid Konte Broward, ak nan Konte Monroe (Upper rive nan Middle Keys). Itilize STS pou randevou medikal yo, al lekòl, travay, ale nan makèt, nan biznis, oswa pou detant. Yon seri ti vàn, ti bis ki klimatize, yon seri vàn ki gen yon asansè ak machin bèlin pou transpòte pasaje ki andikape yo an sekirite, nan yon anviwònman ki pwòp, san lafimen sigarèt. An jeneral, yo pase pran moun yo nan 30 minit selon lè ki te prevwa a, men, ou bezwen rele pou konfime. Pou plis

enfòmasyon sou Bezwen Transpò Espesyal nan Konte Monroe, tanpri, ale sou <https://www.monroecounty-fl.gov/142/Transportation>.

## SÈVIS POU VETERAN

**Afè Veteran nan Miami-Dade:** Nan Miami VA Healthcare System, ekip swen sante nou yo gen bonjan eksperyans epi se bezwen Veteran, fanmi, ak responsab swen yo k ap gide yo. Jwenn yon etablisman sante ki toupre w, epi jere sante w anliy. Enskri pou evènman kominotè ak mizajou yo.

1201 NW 16th Street  
Miami, FL 33125-1624  
Enstriksyon (Kat Google)  
305-575-7000  
Koneksyon sante VA: 877-741-3400  
Swen pou sante mantal: 305-575-7000 x3914  
<https://www.va.gov/miami-health-care/>

**Sèvis Veteran nan Konte Miami-Dade:** Pwogram Sèvis Veteran CAHSD la ede Veteran yo ak fanmi yo (mari/madanm, timoun, vè/vèf, paran Veteran yo) fè demann pou jwenn avantaj Veteran yo, reklame epi fè apèl devan Ministè Afè Veteran Etazini an.

Kontakte: 305-756-2830

Pou vizite lokal Miami- [Dade County Veterans Services](#)

**Pwojè REBIRTH –** Misyon yo se ede veteran militè yo, premye entèvenan yo ak fanmi pwòch yo. Nou pwopoze yon apwòch global, enklizif pou retablisman an, grasa sipò sou tout chemen ki pèmèt yo atenn yon objektif gèye.

Tanpri, ale sou: <https://rebirthusa.org/>

## LIY SIPÒ EMOSYONÈL (WARMLINES)

Yon liy sipò emosyonèl se yon nimewo telefòn ou kapab rele pou gen yon konvèsasyon ak yon moun ki kapab ba w sipò nan moman difisil yo. Kit ou nan yon sitiyasyon kriz oswa ou jis bezwen pale ak yon moun, yon liy sipò emosyonèl kapab ede w. Manm pèsonel liy sipò emosyonèl yo se yon seri moun parèy ou ki jwenn fòmasyon, ki te gen pwòp pwoblèm sante mantal pa yo, epi ki konn sa bezwen èd vle di.

Liy pou sitiyasyon Kriz Central Florida a disponib 24/7

407-425-2624

Liy sipò emosyonèl CLEAR

Liy sipò emosyonèl Gratis nan tout Eta Florida

Nimewo: 800-945-1355

Orè Fonksyonman: 4 p.m. – 10 p.m. EST Chak swa nan ane a san wete jou ferye yo.

Liy MHA SETH, M-F 6 p.m.- 10 p.m.

954-578-5640

## PLAN AKSYON POU RETABLISMAN BYENNÈT (WRAP)

WRAP se yon sistèm oto-jesyon ak retablisman, yon gwoup moun ki te gen pwoblèm sante mantal epi ki t ap lite pou antre zouti ak estrateji byennèt yo nan lavi yo, te devlope. WRAP fèt pou:

- Diminye epi anpeche santiman ak konpòtman ki boulvèse
- Ogmante fòs emosyonèl ou
- Amelyore kalite lavi w
- Ede w reyalize objektif ak rèv ou gen nan lavi a

Senk konsèp enpòtan nan WRAP yo se:

- Espwa
- Responsabilite Pèsonèl
- Edikasyon
- Defann Tèt ou
- Sipò

Nenpòt moun kapab devlope yon Plan Byennèt ak Retablisman Pèsonèl (WRAP). Ou kapab chwazi mande moun ki ap soutni w yo ak pwofesyonèl swen sante pou ede w kreye WRAP ou a. Thriving Mind South Florida ankouraje manm pèsonèl ajans yo pran fòmasyon pou anime gwoup WRAP yo pou ou. Sa kapab ede w nan pwosesis retablisman w lan nan kominote a. **Tanpri rele Liy Èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111 si w enterese nan gwoup WRAP oswa fòmasyon nan zòn sa a.**

### **FANM, TIMOUN PITI, AK TIMOUN (WIC)**

Medam yo, Timoun Piti yo, ak Timoun yo (Women, Infants, and Children, WIC) se yon pwogram nitrisyon ki finanse nan nivo federal. WIC bay bagay ki vin apre yo gratis: manje ki bon pou sante, edikasyon ak konsèy nan domèn nitrisyon, sipò pou bay tete, ak rekòmandasyon pou swen sante nan ak sèvis kominotè yo. Kliyan Florida WIC yo itilize yon kat WIC EBT pou yo achte aliman WIC apwouve nan magazen alimantè ki otorize yo.

WIC sèvi:

- Fi ki ansent oswa ki ap bay tete yo
- Fi ki pa gen lontan depi yo te ansent
- Timoun piti ki poko gen laj 12 mwa
- Timoun ki poko gen 5 lane yo

Pou w kalifye pou WIC, ou dwe respektè kritè revni WIC yo. Si w ap resevwa Medicaid, Èd Lajan Kach Tanporè oswa Koupon pou Achte Manje aktyèlman, ou kalifye otomatikman. Sepandan, ou pa oblije nan okenn pwogram sa yo pou w respektè kritè revni ki obligatwa pou kalifye yo.

**POU PRAN YON RANDEVOU WIC:** Telefòn: 786-336-1300, Lendi-Vandredi: 7:15 a.m. – 5 p.m.

Website <https://miamidade.floridahealth.gov/programs-and-services/wic/index.html>

## **REPÈTWA POU FOUNISÈ SÈVIS THRIVING MIND AP FINANSE YO**

Thriving Mind finanse plizyè sèvis nou dekri anba a oswa klike sou kòd QR adwat la pou ale sou sitwèb la ak lis sèvis ki mete ajou yo:



### **Sèvis Dezentoksikasyon**

Sèvis dezentoksikasyon yo ede moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans yo nan efò yo ap fè pou retire efè sibstans yo.

### **Florida Assertive Community Treatment (FACT)**

Sèvis swen ki pa rezidansyèl sa yo disponib 24 èdtan pa jou, sèt (7) jou pa semèn, epi, ladan yo gen sèvis tretman, reyadaptasyon, ak sipò nan kominote a, yon sikyat bay, sèvis jesyon dosye, enfimiyè, ak kòlèg espesyalis. Sèvis sa yo fèt pou moun ki gen maladi mantal grav epi ki ap pèsiste yo ak/oswa moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans. Enskripsyon nan Ekip FACT la fèt sou rekòmandasyon sèlman.

### **Sèvis pou Pasyan ki pa Entènè**

Sèvis pou pasyan ki pa entènè yo fèt pou amelyore fonksyònman moun ki gen pwoblèm sante mantal ak/oswa itilizasyon sibstans yo. An jeneral, yo bay sèvis sa yo nan kad yon seri randevou regilye, avèk yon seri aranjanman ki fèt pou vizit ki pa t pwograme pandan peryòd estrès oswa kriz yo ap ogmante.

### **Sèvis Prevansyon**

Pwogram prevansyon yo enplike yon seri estrateji ki konsantre sou moun ak/oswa kominote ki eseye fè prevansyon kont devlopman pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans epi ki ankouraje devlopman sante pou moun, fanmi ak kominote yo.

### **Sèvis Rezidansyèl**

Sèvis nan rezidans yo ofri yon kad estriktire, ki sanble ak sa ki gen nan yon kay, ki pa nan lopital, avèk yon siveyans 24 sou 24, 7 jou sou 7 pa semèn.

### **Sipò pou Lojman/Lavi**

Sèvis Sipò pou Lojman/Lavi yo ede moun ki gen pwoblèm ki lye ak itilizasyon sibstans epi/oswa pwoblèm sante mantal yo chwazi lojman yo vle. Epitou, sèvis sa yo bay sèvis ak sipò ki nesèsè pou asire yon tranzisyon ki ap kontinye pou moun sa yo, ansanm ak yon lavi ki reyisi nan kominote a.

Men lis founisè Thriving Mind finanse yo nan moman manyèl sa a te pibliye. **Pou jwenn lis founisè ki pi resan an ansanm ka enfòmasyon pou kontakte yo, tanpri, ale sou sit entènèt nou an nan <https://thrivingmind.org/providers> epi/oswa rele Liy Èd Thriving Mind lan nan 888-248-3111 pou plis èd.**

### **Pwogram Defansè**

Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entènè, Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entènè  
Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entènè, Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entènè  
Sèvis Prevansyon  
305-704-0200

### **Ministè Fanmi AGAPE**

Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entènè, Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entènè  
Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun, Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun

**305-235-2616**

**Banyan Health System**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène  
Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène, Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène  
Itilizasyon Sibstans pou Granmoun, Sèvis Dezentoksikasyon

**305-774-3400**

**Behavioral Science Research Institute**

Sèvis Prevansyon

**786-717-5599**

**Better Way of Miami, Inc.**

Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène,  
Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun

**305-634-3409**

**CARRFOUR**

Lojman Sipò pou Sante Mantal Granmoun,  
Sipò pou Travay, Jesyon Dosye

**305-371-8300**

**Catholic Charities of the Archdiocese of Miami-Dade**

Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène

**305-795-0077**

Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun

Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun

**305-754-2444**

**Center for Family and Child Enrichment, Inc. (CFCE)**

Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène

Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène

Sèvis Prevansyon

**305-624-7450**

**Citrus Health Network**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène

Tretman Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène

Florida Assertive Community

Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun, Sante Mantal nan Rezidans pou Timoun

Sèvis Prevansyon

**305-825-0300**

**Community Health of South Florida, Inc. (CHI)**

Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène

Sèvis Entèvansyon Rapid pou VIH/SIDA, Sèvis Dezentoksikasyon

305-253-5100

**Comprehensive Psychiatric Center**

Konsomasyon Sibstans ak Trètman ki Asiste Atravè Medikaman:

305-651-2332

**Concept Health Systems, Inc.**

Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun San yo Pa Entène, Tretman Sante Mantal pou Granmoun San yo Pa Entène

Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène,

Sèvis Prevansyon, Tretman Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun

Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun

Sèvis Entèvansyon Bonè pou VIH / SIDA pou Timoun

305-825-7770

**Devereux Advanced Behavioral Health, Inc.**

Rezidansyèl pou Sante Mantal Timoun

321-242-9100

**Douglas Gardens Community Mental Health Center of Miami Beach, Inc.**

Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène

Tretman Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun

305-531-5341 (Beach)

305-403-0654 (N. Miami)

**Federation of Families**

Sèvis Sipò pou Timoun

786-802-3448

**Fellowship House**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène

Florida Assertive Community Treatment

Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun

305-667-1036

**Fresh Start of Miami-Dade, Inc.**

Sante Mantal pou Adilt, Sant Dakèy, Sipò pou Patnè

305-623-9937

**Gang Alternative, Inc.**

Sèvis Prevansyon

305-391-2375

**Guidance Care Center, Inc. (Konte Monroe)**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun San yo Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun San yo Pa Entène,

Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène

Tretman Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun, Sèvis Dezentoksikasyon  
Sèvis Prevansyon, Sèvis Entèvansyon Rapid pou VIH/SIDA,  
Lojman Sipò  
305-434-7660

Healthy Start Coalition of Miami-Dade  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène  
Sèvis Prevansyon  
305-541-0210

Here's Help, Inc.  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun San yo Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Timoun San  
yo Pa Entène  
Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun,  
Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Timoun,  
305-685-8201

Hialeah Community Coalition, Inc.  
Sèvis Prevansyon  
305-785-6969

Jackson Health Systems  
Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène  
Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène  
Sèvis Dezentoksikasyon  
305-585-5355

Jessie Trice Community Health Center, Inc.  
Itilizasyon Sibstans pou Granmoun San yo Pa Entène, Sèvis Entèvansyon Rapid pou VIH/SIDA  
Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun  
  
305-637-6400

Jewish Community Services  
Sante Mantal pou Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène ak Itilizasyon Sibstans pou Timoun Ki Pa Entène,  
Itilizasyon Sibstans pou Granmoun Ki Pa Entène, 988, 211  
305-576-6550

Key Clubhouse of South Florida  
Sante Mantal pou Adilt, Clubhouse  
305-693-3508

Lotus House Women's Shelter  
Sante Mantal pou Moun ki Pa Entène  
305-438-0556

**Miami-Dade County Community Action Human Services Department**

Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène  
Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun ki Entène  
786-469-4600

786-469-4600

**Miami-Dade County Juvenile Services Department**

Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène (Evalyasyon)  
305-755-6200

**Miami-Dade Homeless Trust**

Sansibilizasyon  
305-375-1490

**Miami Recovery Project**

Itilizasyon Sibstans pou Granmoun, Sipò ant Patnè  
305-967-8509

**Monroe County Coalition, Inc.**

Sèvis Prevansyon  
305-849-5929

**NAMI Miami-Dade**

Prevansyon, Sansibilizasyon  
305-665-2540

**New Hope CORPS, Inc.**

Tretman Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun,  
Tretman Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun,  
Tretman Grasa Medikaman pou Granmoun, Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Pasyan ki Pa Entène  
Sèvis Entèvansyon Prekòs pou Granmoun ki gen VIH  
786-243-1003

**New Horizons Community Mental Health Center, Inc.**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène  
Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène  
Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entène  
305-635-7444

**Passageway Residence of Dade County, Inc.**

Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun  
305-635-9106

**Residing Hope**

Rezidansyèl pou Sante Mantal Timoun

386-668-4774

Sant Tretman Rezidansyèl Sandy Pines  
Rezidansyèl pou Sante Mantal Timoun  
561-744-0211

South Dade One Voice Community Coalition  
Sèvis Prevansyon  
305-307-1497

Rezo Byennèt South Florida  
Itilizasyon Sibstans pou Granmoun, Sipò ant Patnè  
305-239-8655

University of Miami, Sant Mailman pou Devlopman Timoun  
Evalyasyon ak Sèvis pou Sante Mantal Granmoun ki Pa Entènè, Evalyasyon ak Sèvis pou Sante Mantal  
Timoun ki Pa Entènè  
305-284-4315

The Village South, Inc./Westcare Florida  
Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entènè  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entènè  
Tretman Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entènè  
Tretman Itilizasyon Sibstans pou Timoun ki Pa Entènè  
Sèvis Prevansyon  
Sèvis Entèvansyon Prekòs pou VIH/SIDA  
Ekip REPONS Mobil  
305-573-3784

## LÒT FOUNISÈ NAN KOMINOTE A (Sa Thriving Mind pa Finanse)

*Rele founisè a pou konfime sèvis ak founisè a.*

### **Camillus House, Inc.**

Tretman Sante Mantal pou Granmoun ki Pa Entène, Tretman Itilizasyon Sibstans pou Granmoun ki Pa Entène

Tretman Sante Mantal nan Rezidans pou Granmoun,

Itilizasyon Sibstans nan Rezidans pou Granmoun

**305-374-1065**

### **Hope for Miami**

Sèvis Prevansyon

**786-388-3000**

### **Informed Families/The Florida Family Partnership, Inc.**

Sèvis Prevansyon

**305-856-4886**

### **Institute for Child and Family Health, Inc. (ICFH)**

Sante Mantal pou Timoun ki Pa Entène, Sèvis Prevansyon

**305-685-0381**